


MWARI MUKURU

ACHIBHEDHENURWA

PAMBERI PEDU

 Ndine Magwaro mashoma andanyora pasi, andiri kuda kushandisa ndichitaura kwamuri, uye ndinotenda kuti Mwari acharopafadza kushingaira kwedu kuduku.

² Zvino, vanhu vazhinji vanoshamisika kuti sei tisinganzwisike uye tinoita ruzha. Munoziva, iyi imwe mhando ye—yemisangano yakasiyana neiyu vanhu va—vakajaira kuwona. Zvino, kazhinji, zvinhu zvose zvinoita sokunge zvakatorongwa kare zvisinganakidze. Asi kana tauya kumisangano iyi, yandava nerombo rakanaka nayo kwemakore akawanda kubvira payakatangwa, zvino hatitomboziva kuti tichange tichiitei. Tinongouya tozvipira. Ndizvo zvoga zvokuita zvatinoziva. Zvino Mwari ndiye anozoitira zvose. Nokudaro zvinotiita vanhu vane maitiro asinganzwisisike.

³ Mumwe musu, mumwe munhu akati, “Munoziva, imi muri vanhu vane maitiro asinganzwisisike.”

Ndikati, “Zvakanaka, ndi—ndinofunga ndizvo zvatiri.”

⁴ Ndinorangarira mumwe wemusangano. Hama Troy vakandiudza pane imwe nguva nezve kamwe kamuJerimani kaiti kakange kagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zuva raitevera, mushopu maaishandira, aipota achisimudza mawoko ake orumbidza Mwari, otaura nendimi achienderera kudaro, zvisina mwero. Pakupedzisira, mukuru webasa akazouyapo ndokuti, “Heini, wamboitwa seiko?”

⁵ Iye ndokuti, “Oh, ndakaponeswa.” Ndokuti, “Moyo wangu urikungofashukira nemufaro.”

⁶ Akati, “Saka, wanga uri uko kune boka revanhu vava vakareruka kunga manati anoiswa mabhaudhi.”

⁷ Akati, “Hongu, Mwari ngaArumbidzwe!” Akati, “Tinotenda Mwari nokuda kwemanati.” Akati—akati, “Ukatora motokari, iri kuuya mumugwagwa.” Akati, “Ukaibvisa manati ose, hapana chaunosarirwa nacho kunze kwemurwi ‘wemugweje.’” Ndizvowo . . . Zviri pedyo nekuva chokwadi, munoziva.

⁸ Rimwe zuva, muCalifornia, ndaifamba ndichidzika nemugwagwa muLos Angeles, ndikawona murume aiva nechiratidzo pachipfuva chake, neapa. Akati, “Ndiri benzi raKristu.” Vanhu vose vaimutarisa. Ndakavacherechedza

vachitendeuka vachitarisa, mushure mokunge apfuura. Ndakafunga kuti ndingoitawo zviri kuitwa nemunhu wose. Zvino pa... musana pake, akati, “Uri benzi raani?” Yhaa. Ndinofunga kuti tose tine kakusanzwisisika, mumwe kune mumwe, munoziva.

⁹ Asi, munoziva, nyika inosvika pakujairira mamwe maitiro, kusvikira pokuti chimwe chinhu chikangosiyana hachichatonzwisisike, kusvikira vanhu vanenge vave kufunga kuti pane chinenge chakatsveyama. Zvino kazhinji Mwari anotozoita chimwe chinhu chinonyatsoshamisa, kuti adzorere vanhu kuBhaibheri zvakare.

¹⁰ Ndinofunga kuti Nowa akange akaita se—semupengo, muchizvarwa chesainzi icho akararama, nokuti vaikwanisa kuratidza kuti kwakange kusina mvura muchadenga. Asi Mwari akati yaizenge ichazovapo. Zvino, Nowa, paaizviparidza achizvitenda, akava mupengo.

¹¹ Ndinofunga kuti Mosesi paakadzika kuEgipita, akaita se—semupengo, kuna Farao. Asi rangarirai, Farao akange ari mupengo, kuna Mosesiwo, zvakare. Zvino vaka... Tinocherechedza kudaro.

¹² Kanawo Jesu vakamutora semunhu akatsauka pachitendero. Ndizvozvo. Marteni Ruther aiva mupengo, kuchechi yeKatorike. John Whisiri aiva mupengo, kumaAnglikeni. Zvino, munoziva, yave—yave kukwana nguva kuti pave nemumwe mupengo. Hamufunge kudarowo here? [Wungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Asi, pasati pava nenati, munoziva, chokutanga, paupfanira kuva nebhaudhi, rinopindamo.

¹³ Zvino, munoziva, Nowa, aive nati, iye... Zvinotora nati, rinokweva bhaudhi, rinodhonzera zvinhu pamwe chete, rinobatanidza zvinhu pamwe chete. Zvino, Nowa akakwanisa kudhonzera vose vaitenda, muareka, vachibva mukutongwa, nokuti aiva nati.

¹⁴ Tinowona, kuti, Mosesi akadhonzwa chechi kubva muEgipita, nokuti aiva nati. Ndizvozvo.

¹⁵ Ndinofunga kuti tinoda nati zvino, kuti ridhonze Mwenga kubva muchechi. Tiri kuda chimwe chinhu zvino, rimwezve, nokudaro tiri vanhu vasinganzwisisike. Zvino ndafunga, manheru ano, kana Ishe vachitendera, ndichaedza kuverenga Magwaro anoenderana naizvozvi, ndozotaura nemi kwekanguvana, ndoedza kukuratidzai kuti sei tiri vanhu vasinganzwisisike.

¹⁶ Ngativhurei Magwaro zvino, kuvaFiripi chitsauko chechipiri, 1-8, ne II vaKorinte 3:6. ngativerengei, tichitenda Shoko raMwari.

¹⁷ Zvino, tisati taverenga, ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

18 Baba vari kuDenga vane Nyasha, zvirokwazvo tiri vanhu vane rombo rakanaka, manheru ano, kunge tiri kurarama muchizvarwa chino, uye tichiwona zvinhu zvatiri kuwona zvichiitika, tichiziva kuti nguva yave pedyo, apo Jesu achavinga Chechi Yake. Oh, zvinofadza mwoyo yedu, Ishe! Zvino patiri kuzarura mapeji, manheru ano, tinonamata kuti mutipewo dudziro yeshoko kubva mune zvataverenga. Dai Mweya Mutsvene azarurira kumwoyo yedu zvinhu zvakanaka zvinofadza Mwari. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

19 Munoziva, mufunge zvenyu ndinoda kukukumbirai kuti multe chimwe chinhu. Ndi—ndinowanzokumbira zvinhu zvisinganzwisisike, uye ndine tariro yokuti handisi kukumbira chinhu chinonyanya kushamisa. Asi kana tave kuratidza kuremekedza kwezu kumureza, tose tinosimuka. Zvino—zvino kana mureza uchipfuura, tinosimuka; ndizvo, zvatnofanira kuita. Tinosimuka, kuti tisarute. Ngatisimukei netsoka dzedu patiri kuverenga Shoko, kana muchikwanisa, IIKorinde 3:6.

*Uyo...wakatiita vashumiri vanokwanisa
vetestamende itsva; isiri yetsemba, asi yemweya: nokuti
tsamba inouraya, asi mweya unopa upenyu.*

*Asi kana—asi kana shumiro yerufu, yakanyorwa
nokutemerwa pamatombo, yaibwinya, kusvikira vana
veIsraeri vakatadza kutarisa chiso chaMosesi nokuda
kwekubwinya kwehuso hwake; kunova kubwinya
kwainge kuchazobviswa:*

*Ko kushumira kwemweya hakungavi nokubwinya
kukuru here?*

*Kana kushumira kwekupomerwa kuine kubwinya,
zviku sei zvinoita kushumira kwekururama
kuchadarika pakubwinya.*

*Nokuti naicho chakabwinyiswa chaive chisina
kubwinya pachinhu ichi, nokuda kwekubwinya
kunokudarika.*

*Nokuti kana icho chinopfuura chaiva nokubwinya,
ko...kana kuti zviku sei icho chinogara ndicho
chinobwinya.*

*Tichiwona zvino kuti tine tariro yakadai, tinotaura
zviri pachena tisingatsengi mashoko.*

*Kwete saMosesi, akaisa chifukidzo pachiso chake, kuti
vana veIsraeri varege kutarisa kuguma kwezvinopfuura:*

*Asi ndangariro dzavo dzakapofomadzwa: nokuti
kusvika zuva ranhasi chifukidziro chimwecho
chichiripo chisina kubviswa pakurava testamende
yakare; chinova ndicho chifukidziro chakarambwa
muna Kristu.*

Kunyangwe kusvikira nhasi, kana Mosesi achiverengwa, chifukidziro chiri pamwoyo yavo.

Zvisinei kana yazotendeutsa kunaShe, chifukidzo chichabiswa. Kwete. . .

Zvino Ishe ndiMweya: zvino pane Mweya waShe, pane rusununguko.

Asi isu tose, tinotarira nezviso zvisina kufukidzwa kubwinya kwaShe semuchiringiro, kushandurwa kuva semufananidzo mumwewo tichibva pane kubwinya kumwe tichienda pane kumwe kubwinya, zvichiitwa neMweya waShe.

²⁰ MuvaFiripi 2, tinoverenga izvi, tichitangira pavhesi yekutanga, tichaverenga kusvika pane yechisere.

Zvino kana—zvino kana kunyaradzwa kuripo muna Kristu, kana kuvaraidzwa kworudo, . . .kuyanana kweMweya, kana mwoyo unonzwira tsitsi,

Zadzisai mufaro wangu, muve nokufunga kumwe, muchiva norudo rumwe, muve muri muhumwe, nendangariro imwe.

Pashaiwe chinhu chinoitwa negakava, kana nokuzvikudza, asi mumwe nomumwe ngaati nomwoyo unozvininipisa vamwe vari nani panaye.

Mumwe nomumwe ngaarege kutarira zvake, asi mumwe ngaatarire pa . . .zvevamwewo.

Ivai nomufungo uyo wakanga uri muna Kristu Jesu:

Uyo, waive muchimiro chaMwari, haana kufunga kuti hupambi kuve akaenzana naMwari:

Asi haana kuzviwanira mukurumbira, akazvitorera pachake iye chimiro chemuranda, akaumbwa mumufananidzo wevanhu.

Nokuti akange aumbwa ari mumufananidzo wemunhu, akazvininipisa, akateerera kusvikira parufu, kunyangwe rufu rwepamuchinjikwa.

²¹ Ngatinamatei.

²² Baba vari Kudenga, Shoko guru iri raverengwa, manheru ano, kubva muZvinyorwa Zvenyu Zvinoera, itai kuti Rive mazvokwadi kumwoyo yedu, kuti tigobva pano sevaya vakabva kuEmausi, vachiti, “Moyo yedu haina kutsva here paAnga achitaura nesu munzira?” Takumbira nemuZita raJesu. Amen.

Mungagara zvenyu pasi.

²³ Zvino, aya magwaro asinganzwisisike, asi ndinofunga kuti ndiwo akanyatsofanira pachitiko chino. Ndanga ndichida kutaura pamusoro penyaya yokuti: Mwari Mukuru Achibhedhenurwa Pamberi Pedu.

24 Zvino, kubvira munhu akavapo, magara muine nzara mumwoyo wemunhu, kutsvaga kuti: akambobvepi; uye chikonzero chake chokuva pano; pamwe nekwaari kuenda. Pane Mumwe chete anokwanisa kuzvipindura, iye Wacho Nyakumuunza pano. Zvino munhu agara nguva dzose achida kuwona Mwari.

25 Kare muTestamende Yakare, tinowona kuti Mwari waizvifukidza kubva kune vasingatendi. Mwari ane maitiro asinganzwisisike okushanda nawo nevanhu. AnoZvivanza kune asingatendi oZvizarura kumutendi. Mwari anozviita. Jesu akatenda Baba, kuti, “Akange avanza zvinhu izvi kune vakachenjera nevakangwarira, achiZvizarura kuvacheche vanoda kudzidza.” Zvino, tinowona kuti Mwari haashanduki, pahunhu Hwake, uye Anogara nguva dzose achiita basa Rake nemaitiro mamwe. Tinowona, muna Malaki 3, kuti akati, “Ndiri Mwari, uye handishanduke.” Zvino, Anoshanda nemaitiro mamwe chete, nguva dzose.

26 Zvino tinotora rimwe remabhuku akare emuBhaibheri. Apo Jobho, uyo akange ari munhu akaisvorurama muzuva rake, ari mutsvene pamirairo yaMwari, muranda, muranda airemekedzwa, aikudzwa, kusvikira Mwari akati, “Hakuna mumwe wakaita saiye, panyika.” Asi...chishuwo chake, pane imwe nguva, aida kuwona Mwari. Aiziva kuti kwaiva naMwari, aizvanzwa kuti aida kuMwona, kana, zvichida, aizoenda kumba Kwake osvikogogodza pamukova, achiti, “Ndinoda kutaura neMi.” Ogara pasi, otaura Naye, sezvatingaite isu mumwe kune mumwe.

27 Tine kumwe kunzwisisa kwatiinako. Ndicho chikonzero tiri mumakonivenisheni aya, apo patinouya pamwe chete tigo—tigo ratidza zviri mupfungwa dzedu. Zvino—zvino tinozonzwisisana, zviri nani, kana tichiita nhaurirano pamusoro pezvinetswa mumwe nemumwe. Vashumiri vanozviita. Vanhu vose vakasiyana siyana vanozviita, vanoita nhaurirano pamusoro pezvinetswa.

28 Zvino, Jobho, Mwari akange ari wechokwadi kwaari, aida kuwona kuti akange asingakwanise here kuenda, osvikogogodza pasuwo Rake, zvino—zvino ova ne—nehurukuro Naye.

29 Asi tinowona kuti Mwari akazotaura naye, asi aive akafukidzwa. Aive akafukidzwa ari muchinhano chechamupupuri. Akataurira Jobho kuti asunge chiuno chake; Aizoda kutaura naye, semurume. Zvino Akadzika ari muchamupupuri aka—akataura naJobho. Zvino Akaziviswa kuna Jobho kuburikidza nechamupupuri, kunyangwe zvakadaro haana kunyatsoMwona. Aingonzwa mhengo ichivhuvhuta ichitenderera, mumiti. Zvino Inzwi rakabuda kubva muchamupupuri, asi Mwari akange akafukidzwa ari muchamupupuri.

³⁰ Tinowona, zasi muAfrika, kuSouth Afrika, vanoshandisa inzwi rinoti *amoya*, zvinoreva kuti, “simba risingawoneke.”

³¹ Zvino Simba iri risingawoneke, raive muchamupupuri, raive neNzwi rainzwika. Rakataura kuna Jobho, zvisinei haana kuwona chimiro Chake. Asi kwaari, Akange akafukidzwa, nechamupupuri.

³² Tinowona mumwe wevaporofita vakuru vemuBhaibheri, Mosesi, wemuTestamende Yekare, mumwe wevaranda vaMwari vakasanangurwa, vakasarudzwa, vakatemerwa, naiyewo akashuvira kuMuwona. Akamhenge ari pedyosa Naye, zvokuti akange awona zvinhu zvakawanda izvo ruwoko Rwake rukuru runoshamisa rwaienda mberi kwake rwuchiita zvinhu zvinokwanisa kuitwa naMwari oga. Akashuvira kuMuwona nerimwe ramazuva, Mwari akamuudza kuti, “Enda, umire padombo.”

³³ Zvino paakange amire padombo, Mosesi akaMuwona achipfuura. Akawona kumusana Kwake. Iye ndokuti, “Zvaitaridzika semunhu, musana wemunhu.” Kunyangwe zvakadaro, haana kuwona Mwari. Akangowona chete chifukidziro chaMwari.

³⁴ Bhaibheri rakati, “Hapana munhu akambowona Mwari pane nguva ipi zvayo, asi Nyakuberekwa naBaba ari oga akaMuzivisa.” Saka, Mosesi akaMuwona, akafukidzwa, achinge seMunhu. Tinowona kuti Jehovha weTestamende Yakare aiva Jesu weTestamende Itsva.

³⁵ Zvino—zvino Dr. Scofield pano, tinowona kuti, shoko ravo rinoti, kushanduka kubva pane “chimiro.” Tinowona shoko rinoti *en morphe*, muchiGiriki, zvinoreva kuti “zvisingawoneki zvakaitwa zvinowonekwa.” Chimwe chinhu chisingakwanise...Tinoziva kuti chiripo. Chinogona... hachiwoneki, asi kunyangwe zvakadaro tinoziva kuti chiripo. Zvino paAkashandura chimiro Chake, chehu *en morphe*, zvinoreva kuti Akashanduka achibva kuva wemweya achiva wenyama.

³⁶ Zvino akangoshandura chifukidzo Chake, tingangoti. Zvakafanana nemutambo. Aitamba mumutambo. MuchiGiriki, kana vainge vashandura chifukidzo, zvimwe kuda mumutambo mumwe, mutambi mumwe aikwanisa kunge atamba muzvikamu zvakangosiyana siyana.

³⁷ Mwanasikana wangu, aripano, kuchikoro chekusekondari, vachangobva kuva ne—nemutambo. Mumwe mukomana wandinoziva, akatamba muzvikamu zvinoda kuita zvina, asi aipota achienda kuseri kwesteji achinoshandura chifukidzo cha—chake, kuitira kuti agodzoka, achizotevedzerazve mumwe munhu.

³⁸ Zvino, kana mukatora zviporofita zvemuTestamende Yakare zvaitaura pamusoro pokuti Mesiya aizovei, unogona

kuzvienzanisa nehupenyu hwaJesu, zvino unobva wanyatsowona chaizvo kuti Jesu aive ani. Akange asingori munhu chete. Aive Mwari, *en morphe*. Akashandurwa kubva—kubva muchinhano chemweya achiva muchimiro cheMunhu wenyama. Kunyangwe zvakadaro, Akange ari Mwari, airatidzwa munyama, akafukidzwa nechifukidziro, cheniyama yemunhu.

Nyatsowongorori Testamende Yakare.

³⁹ Ndi—ndi—ndinoziva kuti ndiri kutaura neungano ine vanhu vakasangana sangana, manheru ano, vanobva kunzvimbo dzakasiyana dzepasi pano. Zvino tiri pano kuti tizviwonere. Kutitiri—kuti tiri kuitei? Tiri—tiri vana ani? Tiri kuendepi? Chii chirikuitika? Ko zvose izvi zviri kumborevei?

⁴⁰ Zvino tinowona, pano, kuti, varume nemadzimai echiJudhavashoma, nemarhabhi aive mu—mu—mutemberi, mumazuva akapfuura, dai vainge vakatarisa muBhaibheri, pazviporofita, kwete patsika, vangadai vakacherechedza kuti Jesu aive ani. Vangadai vasina kuMudana kuti Bherizabhabhu. Vangadai vasina kuMurovera pamuchinjikwa. Asi, zvose izvi zvaitofanira kuti zviitike. Ndicho chimwe chechikamu chemutambo. Zvino vakange vakapofomadzwa, panyaya iyi.

⁴¹ Zvakafanana nevashinji venyu imi varume, madzimai, muri pano manheru ano, kuda vezera rangu kana avo vanondidarika zvisoma. Munorangarira here, muno muAmerika, makore akapfuura, kusati...MaChaina...Hama yangu, ichangobva kuziviswa pano, izvi zvangouya mupfungwa dzangu pandanga ndichitaura naye. Kutivaiwanzo...Vakange vasingagoni kutaura Chirungu, zvino vai—vaiita basa rokusuka mbatya. Zvino waienda kwavaisukira, kuti usukirwe mbatya dzako. Mu—muChaina aisuka mbatya uyu aitora chipepa, ochibvarura neimwe nzira. Iwe waitora chimwe chidimbu chepepa; iye ota chimwe chidimbu chacho. Asi pawaizodzoka kuzatora nhumbi dzako, zvidimbu zviviri zviya zvepapa zvaifanira kunyatsopfekera. Zvino kana zvikaramba kunyatsopfekera nemazvo...Wakange usingakwanise kuzvitevedzera neipi zvayo nzira, nokuti iye ainge aine chimwe chidimbu iwe uine chimwe chacho. Dai chainge chatevedzera...Zvino waiva nekodzera yekutora zvaive zviri zvako. Zvino unowana izvo zviri zvako, kana wakabata chimwe chikamu chesungano.

⁴² Ndizvo zvazviriwo, manheru ano, kana tiine chimwe chikamu chesungano. Apo, Mwari akatsemura Mwanakomana Wake muzvidimbu zviviri, paKarivhari, ndokutora mutumbi kudenga kuti uve Chipiriso, ndokutumira Mweya pasi kwatiri, uyo waimborarama muMunhu, Jesu. Mwari mumwe chete uyu ari muchifukidziro nhasi, ari muchinhano cheMweya Mutsvene. Zvidimbu zviviri izvi zvinofanira kuuya pamwe chete, zvino unenge wave chikamu chesungano. Mwari akaita izvi, kutivanhu vamuzive zviri nani, apo Iye paAkazviita Munhu.

⁴³ Ndaiverenga imwe nyaya, makore akapfuura. Munyaya iyi, zvainzi mumwe mambo mukuru, airemekedzwa... Ndakanganwa zita rake, iye zvino. Ndanga ndisiri kufunga zvokutaura pamusoro penyaya iyi. Iyo, zvimwe kuda haisi yechokwadi, asi inotitungamirira kuchinhu icho chinotipa hwaro hwezvatiri kuda kutaura. Mambo uyu, aiva mambo airemekedzwa zvikuru, uye achida zvikuru vanhu vake vaaitonga, kusvikira, mumwe musu, pamberi pemuchengetedzi wake—wake neveimba yake yehumambo, akati, “Nhasi, ndipo pamuchandiwona kekupedzisira, kwemakore akawanda.”

⁴⁴ Zvino muchengeti wake nevaremekedzwa vake vakati kwaari, “Mambo wakanaka, munotaurireiko zvakadaro? Muri kuenda here kune imwe nyika, kumwewo, mobva mava mutorwa?”

⁴⁵ Akati, “Kwete. Ndiri kugara imo muno. Saka,” ndokuti, “Ndiri kuenda pakati pevanhu vangu. Ndiri kuenda kunova munhuwo zvake. Ndiri kuenda kunotema huni pamwe nemutemi wehuni. Ndiri kuenda kuno—kunotimba pasi pamwe nemutimbi. Ndiri kuenda kunopurura mizambiringa pamwe neavo vanopurura mizambiringa. Ndichava mumwe wavo, kuti ndiwane kunzwisisa kuri nani pane zvavari kuita. Uye ndinovada. Ndinoda kuti ndinyatsozivana navo, nepedyo. Ivo vachange vasingandizivi. Asi, kunyangwe zvakadaro, ndiri kuda kunyatsozivana, nenzira iyoyo.”

⁴⁶ Zvino mangwanani akatevera, apo varemekedzwa vake, nevanhu vake vose vakamuwona, kana kuti avo vakange vari mumuzinda, achikumura korona yake achiisa pasi panogarirwa, pachigaro, ndokukumura hanzu yake, achipfeka nguwo dzevanhuwo zvavo, ndokufamba pakati pavanhuwo zvavo.

Zvino, mukanyaya kadiki aka, tinowonawo zvakaita Mwari.

⁴⁷ Vakataura kuna mambo, vachiti, “Mambo, tiri kukudai. Tinokudai. Ti—tinoda kuti murambe muri mambo.” Asi iye aida kuva mumwe wavo, kuti avazive zviri nani, kuti ivo vagomuzivawo zviri nani, chaizvo izvo zvaava. Zvaizoratidza kwavari chaizvo izvo zvaava.

⁴⁸ Ndizvo zvakaitwa naMwari. Iye A—Akazvishandura, kubva kuva Jehovha Mwari, achiva mumwe wedu, kuti Atambudzike, Aravire rufu, kuti Azive kuti rumborera rwerufu rwakaita sei, otona mubhadharo werufu ouisa pamusoro Pake. Akaisa parutivi korona Yake—Yake nenguwo Yake, akava mumwe wedu. Akashamba tsoka pamwe ne—pamwe neve pasi. Akagara mumatende, nevarombo. Akarara mu—mumasango nemudzinzira, pamwe neavo vakange vasina kuitawo rombo rekuwana. Akave mumwe wedu, kuti Atinzwisise zviri nani, uye kuti nesuwo tigoMunzwisisa zviri nani.

⁴⁹ Zvino, ndinofunga kuti, pane izvi, tinowona kuti, kuzvishandura, Iye omene, ndizvo zvaAkaita.

Kana mukacherechedza, Akauya mumazita matatu ehuMwanakomana. Akauya muzita reMwanakomana wemunhu, neMwanakomana waMwari, neMwanakomana waDavida. Akauya se Mwanakomana wemunhu.

⁵⁰ Zvino, muna Ezekieri 2:3, Jehovha, Pachake, akadana Ezekieri, muporofita, “mwanakomana wemunhu.”

⁵¹ *Mwanakomana wemunhu* zvinoreva “muporofita.” Aifanira kuuya nenzira iyoyo, kuti azadzikise Deteronomio 18:15, apo Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu achakumutsirai pakati penyu muporofita wakafanana neni.” Haana Iye kumbozvidana kuti Mwanakomana waMwari. Akataura nezvake Achizviti, “Mwanakomana wemunhu,” nokuti aifanira kuuya nenzira yakataurwa nemaMagwaro. Munowona? Aifanira kuita kuti zvidimbu zviya zviviri zvepepa rakatsemurwa, Testamende Yakare nehunhu hwaKe Iye, kuti zvinyatsofanana. Saka, Akauya, Mwanakomana wemunhu, akauya muchimiro ichocho.

⁵² Zvino tinowona, mushure mekufa, kuvigwa, nekumuka Kwake, Akauya neZuva rePentekosti, seMwanakomana waMwari; Mwari, Mweya, ari muchimiro, cheMweya Mutsvene. Akange Achiitei? Ainge Achizvishandura, Achizvizivisa kuvanhu vaKe ari mune chimwe chimiro chakasiyana. Sezvakaite, Mweya Mutsvene, ndiMwari, Akauya kuzoshanda nemumazera ekereke, seMwanakomana waMwari, Mweya Mutsvene.

⁵³ Asi, muMireniyamu, Anouya seMwanakomana waDhavhidha, kuzogara pachigaro chaDhavhida, Mambo. Aizatora chigaro chaDhavhidha. Ari pachigaro chaBaba iye zvino. Zvino Akazoti, “Uyo anokunda achagara Neni pachigaro Changu, sezvo ndakakunda ndikagara pachigaro chaBaba Vangu.” Saka, Iye, muMireniyamu, Achange ari Mwanakomana waDhavhidha. Chii? Mwari mumwe chete, nguva dzose, achishandura chifukidzo Chake—Chake.

Kumudzimai wangu, ndiri, murume wake.

⁵⁴ Macherechedza here? Mudzimai weSyrophenicia akati, “Iwe Mwanakomana waDhavhidha, iva nengoni.” Iye, hazvina kana kumbomunetsa, zvachose. Akanga asina kodzero dzekumudana saizvozvo. Akange asina maruramiro kwaAri seMwanakomana waDhavhidha. Iye—Iye ndiMwanakomana waDhavhidha, kumaJudha. Zvino Akauya...Asi paakazoMudana, “Ishe,” Akange ari Ishe wake, ndipo paakazowana zvaakange akumbira.

Zvino, apo, Ari kunguno Zvishandura.

⁵⁵ Zvino, mumba mangu, ndiri vanhu vatatu vakasiyana. Mumba mangu, mudzimai wangu ane maruramiro kwandiri semurume wake. Mwanasikana wangu ari uko, haana maruramiro kwandiri semurume wake; ini ndiri baba vake. Kamuzukuru kangu ako, ndiri asekuru vake, zvino

haana kodzero dzekundidana kuti baba. Handisi baba vake. Mwanakomana wangu ndiye baba vake. Ndiri asekuu vake. Asi ndichiri munhu mumwe chete.

⁵⁶ Mwari, zvaAnoita, AnongoZvishandura, kuva kuchizvarwa ichocho, oZvzivisa kuvanhu ivavo. Ndizvo zvatavinga pano kuzotsvaka, manheru ano. Inzira ipiko iyo Mwari anofanirwa kuzvivisa kuvanhu munguva ino? Anoshandura chifukidzo Chake, Anoshandura mutambo Wake, asi haashandure mazvibatiro Ake. Haashandure hunhu Hwake—Hwake. Anongoshandura chifukidzo chake, achibva pane chimwe achienda pane chimwe. Anozviita, kuti Anyatsozvizarura zviri pachena kuvanhu, kuitira kuti vagoziva kuti Iye ndiye ani, pamwe neZvaari.

⁵⁷ Muna vaHebheru 1, tinoverenga kuti, “Mwari, pasi chigare akataura nemadzibaba edu nenzira dzakasiyana siyana, nemuvaporofita, asi mumazuva ano okupedzisira kuburikidza neMwanakomana Wake, Jesu.”

⁵⁸ Zvino, “Vaporofita,” Jesu akati, paAkange ari pano panyika, “vaive vamwari. Munovadana kuti ‘vamwari,’ avo Shoko raMwari rakauya kwavari. Zvino Magwaro haakwanise kutyorwa.” Iye akati. Akati, “Ko sei muchiMupomera, Iye ari Mwanakomana waMwari?” Munowona?

⁵⁹ Shoko raMwari rakapiwa muzvikamu muchizvarwa choga choga, Zvarinozofanira kuva. Jesu akange ari kuzadzikiswa kwezviporofita zvose. “MaAri maigara huzaro weHumwari hwose mumutumbi.” Hwaive maAri. Ndiye Uya aiva muna Josefa. Ndiye Uya Akange ari munaEriya. Ndiye Uya Akange ari munaMosesi. Ndiye Uya Akange ari munaDavida, mambo akarambwa.

⁶⁰ Vanhu vake vakange vamuramba, samambo. Zvino paakange obuda kunze—kunze paruvanze, kamwewo, kamurume kakaremara kaifamba kachitoita zvekugwasha, kakange kasingafarire hurumende yake—yake, maitiro ake, kakamusvipira. Zvino muchengeti wamambo akazvomora munondo wake, akati, “Ndingasiye here musoro wembwa iyo yakafa uri pairo, achisvipira mambo wangu?”

⁶¹ Dhavhidha, zvimwe kuda asiri kuziva zvaainge ari kuita panguva iyoyo, asi akange akazodzwa. Akati, “Musiyeyi akadaro. Mwari ndiye amutaurira kuti azviite.” Akakwira pamusoro pechikomo ndokuchemera Jerusarema, mambo akange arambwa.

⁶² Mambocherechedza here? Mazana mashoma emakore kubva ipapo, Mwanakomana waDhavhidha achisvipirwa, mudzinzira, akange ari pachikomo, gomo rimwe chete, achitarisa pasi ari pamusoro peJerusarema, Mambo akange arambwa. Akachema, “Jerusarema, kangani kandingadai ndakakuvhumbamira sehuku inovhumbamira nhiyo dzayo, asi wakaramba?”

⁶³ Haana kumboshandura hunhu Hwake, nokuti vaHebhero 13:8 yakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mwari akaitwa nyama, kuti afe, agotidzikinura kubva muchivi. Ndicho chikonzero AkaZvishandura, kuti ave mu—Munhu.

⁶⁴ Tinowona, muna Johani 12:20, maGiriki akange anzwa neZvake. Zvino, hakuna munhu anoti kana anzwa neZvake osatsva mumwoyo make kuti aMuwone. SaJobho neVaporofita vakare, vose vaida kuMuwona. Saka, muGiriki uyu akauya kuzoMuwona. Vakauya kuna Firipi, akange ari weku Bethsaidha, vakati, “Changamire, tinodawo kuwona Jesu.”

⁶⁵ MaGiriki aida kuMuwona, asi havana kukwanisa kuMuwona nokuti Akange ari mutemberi Yake yemunhu. “Mwari akange ari muna Kristu, achiyananisa nyika kwa Ari.” Zvino tinowona kuti, apa, maGiriki aya akatadza kuMuwona.

⁶⁶ Zvino cherechedzai mashoko chaiwo akataurwa naJesu kwavari, shure kwezvo. Akati, “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu, yofa, inogara yakadaro.” Nemaswe mashoko, havaizokwanisi kuMuwona mushanduko, muchifukidzo chaAive machiri ipapo, nokuti Akange akafukidzwa nenyama yemunhu. Asi tsanga yeGorosi iyi payakawira muvhu, zvino inozobereka ndudzi dzose. Akatumwa kumaJudha, zviro kwazvo, panguva iyoyo. Asi tsanga iyi yeGorosi inofanira kuwira pasi; Mwari akafukidzwa, ari munyama yemunhu, akavanzwa kubva kune vasingatendi, asi achingunozarurwa kuvatendi.

⁶⁷ Muna Jowani 1, “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu, takaMuwona, mumwe chete Akaberekwa naBaba, azere nenyasha.” Zvino, pakutanga kwakange kuine Shoko. Shoko ipfungwa dzaratidzwa.

⁶⁸ Pakutanga, Akange asitombori Mwari. Zvino, shoko redu reChirungu nhasi, rokuti *Mwari*, rinoreva kuti, “chinhu chinonamatwa.” Zvinhu zvinovhiringidza pfungwa. Unokwanisa kuita kuti mumwe munhu ave mwari. Unokwanisa kuita kuti chinhu chose hacho chive mwari.

⁶⁹ Asi muTestamende Yakare, muna Genesi 1, “Pakutanga *Mwari*,” panoshandiswa shoko rokuti, Elohim. *Elohim* zvinoreva kuti, “uyo akavepo nokuda Kwake.” Pane mutsauko wakadini pashoko rekuti Elohim, neshoko redu rokuti Mwari. *Elohim* zvinoreva kuti, “uyo akavepo nokuda Kwake.”

⁷⁰ Hatikwanise kuvapo nokuda kwekuda kwedu. Hatikwanise kuva samasimba, ane masimba ose, ari kwese kwese, anoziva zvose. Elohim uyu anozviita zvose izvozvi. Hatikwanise kuva izvozvo. Muti waunoita mwari, kana—kana chivakwa, hachina kuvapo nokuda kwacho.

⁷¹ Zvino, Mwari, pakutanga, aive Hupenyu, uyo Anorarama Nokusingaperi. Maari maiva nepfungwa, zvino pfungwa idzi dzakazova maShoko, Shoko rikazova nyama. Jesu ndiye aive Mudzikinuri. Zvino *kudzikinura*, zvinoreva kuti, “kudzoserera pakare.” Kana Achifanirwa kuchidzoserazve, chine pachinofanira kunge chakambenge chiri kuti chizodzoserwapo pakare. Nokudaro, munowona, havasi vanhu vose vachakwanisa kuzviwona, nokuti havasi vanhu vose pakutanga vakange vari mupfungwa dzaMwari. Mawona?

⁷² Tarisai vapisita. PavanoMuwona Achizviratidza zvinoenderana neShoko, izvo zvaaiwa, vakati, “NdiBherizabhabhu.” Zvakangoratidza kwaiva nehunhu hwavo. Hwakange huri mumafungiro echimanjemanje chezuva iroro.

⁷³ Asi apo kachipfeve, kaAkasangana nako pagedhi, akamutaurira, akamuratidza chiratidzo Chake chaMesiya, nokumutaurira zvaakange aita. “Sei” mudzimai akati, “Changamire, ndirikuwona kuti Muri Muporofita. Tinoziva kuti, Mesiya, kana auya, Achatiudza zvinhu zvose izvi.” Mudzimai akaMucherechedza saMesiya, Muzodziwa, nokuti Akange ari izvo zvaitarisirwa muMagwaro. Hamusi kuzviwona here? [Wungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvidimbu zviviri zvepepa zvakange zvave kuuya pamwe chete. Mudzimai, “Tinoziva kuti, kana Mesiya auya.”

⁷⁴ Zvino, Mwari aigona kunge akasanganisa *ichi* ne *icho*, kuti awane kamwe kamuririro kedare kakatsaura, sezvinoita mhizha. Asi Jesu paakatendeuka, akati, “Ndini Iye ari kutaura newe,” hapana kumbotaurwa mashoko seokuti “Bherizabhabhu.” Akasiya chirongo chake chemvura, akamhanyira muguta, achiti, “Uyai, muzowona Murume Anditaurira zvinhu zvandakaita. Haasi Iye here Mesiya wacho?” Mawona?

⁷⁵ Zvino, chii chakaita izvi? Kuiswa kweGwaro rakare pane chiitiko icho—icho chapiwa naJesu, chii chazvakaita? Zvakaita Mesiya. Mambocherechedza here? Nokukasika, zvivi zvake zvakaregererwa, nokuti, pakutanga, aikwanisa kudzikinurwa, nokuti aive mupfungwa dzaMwari pakutanga. Nokudaro, zvakamudzikinura, kana kuti akadzororwazve, paakawona Gwaro rakataurwa richiratidzwa, pamusoro paJehovha, zvaAiva, nezvaAri.

⁷⁶ Zvino, Jesu paakauya, dai Akauya nemharidzo yaNowa, zvingadai zvisina kushanda. Kuvaka ngarava, voyangarara vari pamusoro, zvingadai zvisina kushanda. Asi Nowa akange ari chikamu chaMwari. Akaita nemaitiro akanga asinganzwisisike nokuti iyewo akanga asinganzwisisike, uye mharidzo yake yakange isinganzwisisike nokuti rakange riri Shoko rakanga riri kuratidzwa.

⁷⁷ Haaikwanisa kuuya nemharidzo yaMosesi, nokuti zvingadai zvisina kushanda. Mosesi akange ari Mwari, airatidzwa

muchidimbu. Ndiye waiva Shoko rairatidzwa panguva iyoyo, asi Jesu akange asingakwanisi kuita mauiro iwayo. Bhaibheri harina kumboti Aizouya nenzira iyoyo.

⁷⁸ Asi paAkauya, akazviratidza chaizvo sezvakanga zvarehwa ne—neTestamende kuti Aizoratidzwa, zvino vose vaikwanisa kudzikinurwa vakaZvitenda, nokuti vakange vari pfungwa dzaMwari. Pfungwa Dzake dzepakutanga dzakaitwa nyama, pamwe nokudzikinurika, dzikadzozwazve kuna Mwari. “Kune avo vose vakaMugamuchira, Akavapa simba kuti vave vanakomana vaMwari,” nokuti vaikwanisa kudzikinurwa. Vaivapo kubvira pamavambo, paakataura.

⁷⁹ Dai tikambomira pano zvishoma, kana zvichikwanisika, tigofunga pamusoro pazvo, manheru ano, pamusoro peMharidzo yenguva ino, kuratidzwa kwepfungwa dzaJehovha. “Nyika ino isati yavambwa,” tinoudzwa kuti, “mazita edu akaiswa muBhuku yeHupenyu yeGwayana.” Zvino tinokwanisa kuwona mativi maviri, sezvandambotaura pakutanga, kuti sei mumwe asinganzwisike kune mumwe. Zvinofanira kudaro. Zvagara zvakadaro. Zvakagara zvakadaro uye zvicharamba zvakadaro. “Aiva Shoko. Zvino Shoko rakazoitwa nyama rikagara pakati pedu.”

⁸⁰ Zvino, Mwari, umo...kare mumazuva emuTestamende Yakare, tinowona kuti mushure mokunge Azviratidza kuvanhu Vake, nemuzvinhanu zvakasiyana siyana, Akazvifukidza seri kwematehwe akare ematenhe. Mwari akavanda seri kwematehwe ematenhe, pachigaro Chake chetsitsi. Tinowona kuti, apo Soromoni, paakakumikidza temberi yaShe, zvino matehwe ematenhe akange akaremberamo, sechidzitiro, Akazouyamo seShongwe yeMoto uye seGore, ndokuenda seri kwacho, ndokuZvifukidza, kubva kunyika yepanze. Asi, nokutenda, Israeri yaiziva kuti Akange ari kuseri ikoko. Vaiziva kuti Akange ariko, zvisinei zvaitaurwa neipi zvayo yedzinyika dzevahedheni. Akange akavanzwa kubva kune asingatendi. Asi mutendi, nokutenda, aiziva kuti Akange ari seriko. Vaiwanirwa tsitsi. Zvino Akange ari pachigaro Chake chetsitsi, chakange chiri chakavanzika chikuru.

⁸¹ Munoziva, muTestamende Yakare, kupinda seri kwedehwe iri rwaive rufu. Iye zvino kugara usiri seri kwaro rwave rufu. Kareko kupinda muKubwinya kwaKe rwaive rufu. Iye zvino kugara uri kunze kweKubwinya kwaKwake rwave rufu. Zvakatoitika, zvirokwazvo, pakatsemurwa chifukidziro paKarivhari, apo chidzitiro chakapamurwa, chidzitiro chakare. Iye zvino kugara kunze kweHupo hwaKe rwave rufu. Kareko kupinda muHupo hwaKe rwaive rufu. Munowona? Zvinoshanduka zvichipinduka pinduka, nokudaro unofanira kuwana Gwaro rinokuwonesa kuti tiri kurarama muzuva ripi.

⁸² Zvino, chidzitiro pachakapamurwa paKarivhari, chigaro chetsitsi chakawonekwa pachena. (Asi chii chakaitika? Chakange chakaremba paKarivhari, chichijuja Ropa,) Sekutora kwavaisiita ropa, gore negore, pakuchenewa kwetemberi nekusaswa kweropa pachigaro chetsitsi, ipapo, Mwari, nekurova Kwake kunesimba sesimba remheni, akatsemura chidzitiro chakare chematehwe ematenhe kubva kumusoro kusvika zasi, chigaro chetsitsi chakawonekwa pachena.

⁸³ Chairu, Gwayana rechokwadi raMwari rakanga rakaremba riri pachena paKarivhari, icho Chigaro cheTsitsi chechokwadi, apo Mwari akange abhadhara mubhadharo, Iye pachake; akave mumwe wedu, akange Azviratidza seMunhu, kuitira kuti awane kutinzwisisa, uyewo isu tigwana kuMunzwisisa. Chigaro cheTsitsi chakange chiri pachena pachaiwonekwa nelsraeri yose nemusi uyu wemutambo weYananiso.

⁸⁴ Asi, zvinosuwisa, netsika dzemadzibaba aiva muhechi mumazuva iwayo, netsika dzavo, vakange vafukidza Chigaro cheTsitsi chechokwadi kubva kuvanhu. Dai vainge vakaziva maGwaro, chimedu choga chingadai chakapfekerana sepepa remuChaina. Chiporofita chemuTestamende Yakare chingadai chakazadzikiswa, zvino chakazadzikiswa. Dai vainge vakadzidziswa maGwaro, vangadai vakawona Chigaro Chetsitsi. “SaMozisi,” akati pano, kuti, “kusvikira pazuva rino vakangofukidzwa. Chichiri pamusoro pemwoyo yavo.” Havasi kuChiwona.

⁸⁵ Asi, Akange ari Mwari, kutambudzika nekuYananisa. Ndiye aive Chigaro cheTsitsi chechokwadi chakange chakamira pachaiwonekwa zvizere. Sekuimba kwataita chimbo:

Onai, Mutarirei ari pamhene.
Uyoka, Mukundi anemasimba,
Nokuti Akatsemura chidzitiro nepakati.

⁸⁶ Wonai, Akauya, Chigaro cheTsitsi, chakaremba pachinonyatsowonekwa nevungano. Asi ivo, nokuti vaive pasi pemawonero aifarirwa neruzhinji . . .

⁸⁷ Zvino, varume nemadzimai, neavo vakakokwa kukonivenisheni ino, ndiri kuda kultura izvi pasina munhu wandinoremekedza. Asi, nokuda kwanhasi, nokuda kwezvatinga pano nhasi, ndinotyira kuti tsika dzemadzibaba, madzibaba emuhechi, dzavanza Izvi kubva kuvanhu vakawanda. Sezvo Mweya Mutsvene wakauya mumazuva ano okupedzisira, sezvazvakaporofitwa, chidzitiro chikapamurwa, vanhu vazhinji vanoedza kuramba vakabaturira patsika dzavo dzemadzibaba. Ndicho chikonzero vasingawone uyu mufaro wakawandisa pamwe nerugare, nezvinhu zviri muChechi nhasi. Asi, Zviri pachena kune avo vanotenda.

Akavanza Shoko, Shoko rakavimbiswa muzuva rino.

⁸⁸ Zvino, tsika dzakagadzira chifukidziro. Ivo vanoti mazuva ezvishamiso akapfuura. Mumwe murume akataura neni, munhu kwaye, anehunhu kuTucson, Arizona, uko kwandinogara. Ndaive ndiine musangano paRamada. Zvino tainguno taura paBusiness Men’s Convention apo Ishe Jesu vakauya pakati pedu vakaita zvinhu zvikuru. Zvino muchinda uyu wechiKristu akauya kwandiri, akati...Mushumiri wemuchechi, murume akaisvonaka, ndokuti, “Hama Branham, muri kuedza kuratidza kuvanhu chizvarwa chevaapostora,” akati, “apo chizvarwa chevaapostora chakaguma.”

⁸⁹ Zvino ini ndakati, “Ndapota, hama yangu, ndiratidzewo kuti ndirinhi pakaguma chizvarwa chevaapostora, mumaGwaro.” Ndikati, “Chizvarwa chevaapostora chakatangira paZuva rePentekosti, zvino chaka...Petro akati, Musi wePentekosti, ‘Vimbiso iyi ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, neavo vose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.’ Ndirinhi pachakaguma? Kana Mwari achiri kudana, zvinoreva kuti chizvarwa chevaapostora chichiri kuenderera mberi.”

⁹⁰ Zvino ipapo ndipo vanhu pavanoedza kubata vanhu vakawanda kumeso, netsika dzavo dzemadzibaba, sezvavaiita kare. Munotadza kuwona kuti sei vanhu ava vaine mufaro muzhinji uyewo vanonyatsobatikana. Zvino—zvino makonivenisheni aya haanzwisisike, chinhu chinotoshamisa, kune vamwe vanhu, nokuti vanowona kuti ava vakatopfuura nemuzvidziviso. Vakapamura zvidzitiro, vachipinda muHupo hwaMwari, uko vanowona vimbiso yakaratidzwa munguva ino ichiratidzwa pamberi pavanhu. Vanowona zvakavimbiswa naMwari.

⁹¹ Muna Joeri 2:28, Akavimbisa, kuti, “Mumazuva ano okupedzisira pachava nemvura dzinonaya dzokupedzisira dzichadururwa pavanhu, mumazuva okupedzisira.” Ndinofunga kuti izwi rechiGiriki apa rinoti *kenos*, zvichireva kuti Akazvi “kuturira” Iye omene. Kwete nenzira iyo yatingati, sechimwe chinhu changa chiri mukati memumwe munhu, zvino ndicho chaAburitsamo. Asi kuti, Iye omene ndiye Akatozvidurura.

⁹² Akashanduka; hu *en morphe* hwaKe. Aka—Akashanduka, kubva pane zvaAiva, kuve zvaAri zvino. Haamboshandure hunhu hwaKe. Asi neMusi wePentekosti, Akashanduka kubva kuva Mwanakomana wemunhu, achiva Mwanakomana waMwari. Akauya, kwete ari pamwe nevanhu. Akauya mukati mevanhu, munowona, Mwari mumwe chete, achifambisa shumiro Yake ichienderera mberi, muchizvarwa chino chikuru.

⁹³ Akaporofita muBhaibheri, kuti, “Kwaizouya zuva richange risiri masikati kana usiku, asi nenguva yemanheru kunofanira kuva neChiedza.” Zvino, zuva, panyika, rinobuda richibva

nekumabvazuva richinyurira kumadokero. Izuva rimwe chete, nguva dzose. Zvino, apo, Mwanakomana, M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a, Akazvizarura mukuratidzwa kweShoko rakavimbiswa, kuIsraeri, vanhu vekuMabvazuva.

⁹⁴ Takava nezuva raiva pakati nepakati pechiedza nerima. Takava nechiedza chakakwana munguva yevavandudzi, nevamwewo vakadaro, kuti tigadzire machechi nemasangano, ataizojoinha tichipindamo; tichisvepura vacheche, nekuchatisa vakura, nekuviga vakafa, nezvimwewo zvakadaro; tichigara zvedu muchechi.

⁹⁵ Asi, munguva yamanheru, “Kuchava neChiedza,” Akati, “munguva yamanheru.” Hapana Gwaro rinogona kutyorwa. Zvino M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a mumwe chete iyeye akazvidurura Iye omene, *kenos*, neZuva rePetentekosti, akavimbisa kuita zvinhu zvimwe chete munguva yamadekwana. Munowona? Zvinoenderana nevimbiso.

⁹⁶ Batanidza chipepa pamwe chete. Tarirai zvirikuitika, mugotarira zvaAkavimbisa, zvino munobva mawona patave. Batanidza chinhu ichi pamwe chete. Unogona kuwona kuiswa pachena kwemukuru Uyu anemasimba. Tsika dzapofomadza vanhu, zvakare, kuzvinhu zvikuru izvi zvakafanoporofitwa.

⁹⁷ Mosesi, paakauya achibva mugomo, raive richibvira neMoto, uyu muenzaniso wakaisvonaka!

⁹⁸ Mosesi akadzika kuEgipita akasvikotaurira madzibaba emuchechi kuti Ishe Mwari akange amushanyira nemuZita rokuti “Ndiri.” Zita iri richirevera iye zvino, kwete “Ndaiva; ndichazova.” Asi, “Ndiri,” anogara ari zvimwe chete, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Anogara Ari wazvino. Iye. . . Zvinoenderana nevaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

⁹⁹ Richiri iro Shoko rakaporofitwa. Zvino, ungoro, yaifanira kupfekerana neShoko iroro, chiitiko chezuva rino. Vavandudzi vaiva naro, oh, asi iri rino rave rimwe zuva. Wonai zuva ratiri kurarama mariri. Sekusakwanisa Kwake kuuya, mumazuva aAkauya panyika, ne—nenzira iyo yakauya naMosesi, kana nemumwe wevaporofita vakambouya; zvakange zvisina kuporofitwa. Mumazuva ano okupedzisira, zvakaporofitwa kuzouya nenzira iyi. Hazvikwanise kuuya zviru muchimiro cherumutsiro rwaRuther. Hazvikwanise kuuya zviru muchimiro cherumutsiro rwaWhisiri. Inguva yekudzoreredzwa. Yave nguva yokuti zvinofanira kuchidzokera kuChiedza chepakutanga cheMwanakomana, chepakutanga.

¹⁰⁰ Oh, tinokwanisa kutora maGwaro, ane chekuita nazvo! Zvino imi vadzidzi veshoko, munombobva kupiko munyika muno, munoziva kuti Ichi ichokwadi. Ivimbiso. Ndzivo zvinaita kuti vanhu vange vasinganyatsonzwisiki. Ndzivo zvinovaita kuti vave semipengo, sekuvadana kwamunaita.

Nechikonzero chekuti vaka . . . chi . . . Chidzitiro chakazarurwa, kubva kutsika, zvino vave kuZviwona. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munowona? I—ivimbiso yaMwari, hatikwanise kupikisana nazvo, nokuti maGwaro haakwanise kutyorwa. Hongu. Tinowona kuti Akazvivimbisa. Akange anyatsozvidururira Iye wose muvanhu vaKe. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

¹⁰¹ Mosesi, mushure mokunge aenda zasi kuEgipita akasvikozvitaure, zvino Baba vakabva vasimbisa mharidzo yake, nokuuya paGomo reSinai, vari muShongwe yeMoto imwe cheteyo, ikatungidza gomo neMoto. Tambocherechedza here? Uyo wacho akange apiwa vimbiso na Mwari, Mwari akamuunza aine Shoko. Aiva nemitemo. Kuti ave nemitemo iyi, aito fanirwa . . . Mitemo yaive Shoko. Shoko rakange risati rambouya kuvanhu. Saka, Shoko rinouya nguva dzose kumuporofita, zvino iye ndiye waiva muporofita wenguva iyoyo.

¹⁰² SaJesu aive Shoko. Johane aive muporofita. Jesu akauya kwaari, mumvura, nokuti Shoko rinouya nguva dzose kumuporofita, pasina kukundika. Munowona? Shoko rinouya kwaari.

¹⁰³ Saka, Mosesi, Shoko rakauya kwaari; iyo mitemo. Zvino aive nayo. Zvino, sei? Shoko risati rapihwa pamwe nekuratidzwa, Mosesi akatoisa chifukidziro kumeso kwake, nokuti Shoko rakange risati raratidzwa zvakazara. Vakaziva kuti chimwe chinhu chakange chaitika, asi havana kuziva kuti chaive chiri chii, ruzha pamwe nokutinhira. Kusvikira, vakati, “Regai Mosesi ataure, kwete Mwari.”

¹⁰⁴ Mwari akati, “Zvakanaka, Ndizvo zvandichaita. Kubvira zvino, Handichaonekwa nenzira iyi zvakare. Ndichavatumira muporofita. Zvino acha . . . Ndichataura nemumuporofita Wangu.”

¹⁰⁵ Zvino, Mosesi, nemurairo wepanyama, (saPauro, pano muvaKorinte vechipiri, akazarura kwatiri), akatozoisa chifukidziro chepanyama kumeso kwake, kuchava kukuru sei pakubwinya kweizvo zvepaMweya zvichange zvakafukidzwa kune asingatendi apo zvinenge zvisati zvaratidzwa kwaari! Vachadana zvikuru sei . . . Mosesi akange asinganzwisisike. Vachazokudanai zvikuru sei, imi makapinda nepachidzitiro, mukapinda muShongwe yegore Remoto, mukabuda muine Maropafadzo! Zvino makafukidzwa. Vanhu havakwanise kuzviwona. Havakwanisi kuZvinzwisisa.

¹⁰⁶ “Kana zvepanyama zvichibwinya, ko zvichava zvikuru sei izvo zvepamweya! Kana zvepanyama, zvaive nemagumo, zvaizobwinya, ko zvichava zvikuru sei kune Ichi chisina magumo, pakubwinya!”

¹⁰⁷ Asi, kunyangwe zvakadaro, Zvakafukidzwa kwete kumutendi, asi kune uyo asingatendi. Haakwanisi kuZviwona.

Mwari anozvifukidza nguva dzose kune asingatendi. Tsika dzinoZvivanza. Sezvavakaita kare, ndizvo zvavari kuitawo nhasi.

¹⁰⁸ Ndicho chifukidzo chepamweya icho tava nacho iyezvino, apo paimbova nechifukidziro chepanyama. Vanosimbiswa nemuporofita aneShoko rakanyorwa, anoporofita, uyo anouya neShoko rakanyorwa, oRijekesa.

¹⁰⁹ Vaiziva kuti Shoko rakange riripo, asi vakange vasingazivi zvaRaireva. Mosesi akaRijekesa. Akati, “Mirairo inoti Izvi, nokuda kweIzvi.” Akazvijekesa. Asi Zvisati zvajekeswa, Zvakange zvakafukidzwa.

¹¹⁰ Ndizvo zvazviriwo, nhasi, zvakafukidzwa kuvanhu, kusvika Zvazarurwa nokujekeswa kuvanhu. Mwari, Mwari ane masimba, akafukidzwa munyama yemunhu, Shoko. Cherechedzai. Zvino tinowona kuti zvakange zakavanzwa kune asingatendi, asi zvakazarurwa kumutendi.

¹¹¹ Cherechedzai, Mosesi akatopinda muShongwe yeMoto iyi, ari oga. Hapana aikwanisa kuenda naye. Zvakange zvisiri...zva...Zvinotaurei kwatiri? Kuti haupinde mune Izvi nekujoinha boka remaPentekosta. Munowona? Haana kumboZvizarura kune boka. AkaZvizarura kumunhu mumwe chete. Ndiyo nzira yazviriwo nhasi. Unoti, “Ndiri wechechi iyi—iyi. Ndiri—ndiri weizvi.” Asi hazvishande. Murikuwona?

¹¹² Kana paine aiedza kutevera Mosesi, achizvitevedzera, rwaive rufu. Ndizvo zvazviriwo nhasi, rufu rwepamweya, kuedza kutevedzera. Ndizvo zvaka . . .

¹¹³ Manheru ano, tirikupindamo, pane zviri kusimuka pakati pemapoka, kuenzanisa kwepanyama; mumwe munhu achiedza kuita salzvo, achirarama hupenyu hwakasiyana; anogona kunwa, anogona kuputa, madzimai anogona kurarama (neipi) kana neipi zvayo nzira yavanoda, sezvinoita nyika, vachigara havo kumba, vachitarira terevhizheni, nezvinhu zvemunyika, asi voramba vachizvidana kuti maPentekosta. Vari kuedza kutevedzera chinhu chechokwadi. Hazvisati zvambozarurwa kwavari, nazvino. Kana Zvazarurwa, zvinobwinya, zvino pane chimwe chinhu chinovibvisa mauri paunofamba uchipinda Imomo. Unobva wava chifukidzo. Zvi...Hazvimboshandi. Zvino kuZvitevedzera rwaive rufu.

¹¹⁴ Chifukidziro chaMosesi; akange ari Shoko benyu kuvanhu. Zvino nhasi, vanhu vakafukidzwa vari zvimwe chetezvo. “Tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa nevanhu vose.” Kwete tsamba itsva; asi iyo Tsamba yakange yakanyorwa, ikaratidzwa. Nde—ndeavo vanotenda Shoko nevimbiso yezuva rino, kuti Mwari ari kudurura Mweya waKe, pamusoro pevanhu vose, zvino ndidzo tsamba dzakanyorwa. Zvino kana munhu akada kuzvitevedzera nenyama, zvinomuipira. Hupenyu hwako ndiwo hunoratidza zvauri.

115 Pane imwe nguva paiva nemumwe mukomana, akange apinda mudambudziko. Aive mukomana akanaka, asi aka—akaenda kudare redzimhosva. Zvino mutongi akati, “Ndakuwana uine mhosva. Ndinofanira kukuranga nemutongo wehupenyu hwose mutirongo.”

116 Mukomana akati, “Ndiri kuda kuisa chichemo panyaya yangu.” Akati, “Ndiri kuda kuuya pamusoro pekupupurirwa kwangu.”

117 Mutongi akati, “Hauna chapupu. Chapupu chako ndicho chakupomera.”

118 Ndizvo zvazviri nhasi, chikonzero chechi isina kuenderera mberi sezvainofanira kuve. Ichapupu. Ndidzo nhema. Tinofanira kuva takanyanya kuzvipira. Tinofanira kutenda Shoko rose raMwari. Tinofanira kutsvaka kusvikira Shoko iroro rava rechokwadi kwatiri. Mawona? Mawona? Chapupu ndicho chinotitadzisa kupinda.

119 Asi, pane imwe nguva, (kuitira kuti mubude mumusungo uyu), mudare rimwe irori, mukomana uyu akange asina mari. Akange asingakwanise kuzvibhadharira. Faindi yake yainge yakawanda kusvika zviuru zvemadhora. Asi aive nemukoma wake mukuru akauya akazomubhadharira.

120 Zvino, tine mukoma mukuru, Jesu, Mwanakomana waMwari. Akauya kuzotibhadharira zvole, kana tikangozvitenda tokwanisa kupinda muchidzitiro Naye. Sezvo, Iye ndiye Mosesi wedu. Jesu ndiye Mosesi wedu wanhasi. Mosesi, chifukidzo, aive Shoko benyu kuvanhu. Nhasi, Jesu, akafukidzwa, ndiye Shoko benyu kuvanhu, uyo, Jesu ari muChechi. Mweya Mutsvene, Mwanakomana waMwari ari muvanhu, achizarura Shoko kuburikidza nevimbiso yezuva rino, chaizvo zvaRinofanira kuva. Zvimwe chete nazvino.

121 Rangarirai, Mosesi akaita izvi, akaraidza izvi, kwete kunyika yose, asi kuvanhu vemueksodho, boka rimwe roga revanhu, ndivo avo vakabuda muekso-...vakapinda mueksodho.

122 Zvino nhasi, Mweya Mutsvene, ari pamberu pevanhu vanoti, “Kupodzwa naMwari hakuna kunaka.” Pandaibvunza . . .

123 Mumwe chiremba akandidana, mumwe musu, pamusoro pakamwe kamudzimai, oh, pakange paine varwere kuda vana kana vashanu, vakange vatotaraisana nerufu, vangosariwa nemaawa, Mweya Mutsvene akavapodza. Chiremba akange ave kubvunza. Akati, “Zvamboitika sei? Sei,” akati, “ndi—ndi . . . Murwere wangu,”

124 Ndikati, “Anga ari. Asi iye zvino ave waMwari. A—a, ave pasi paMwari zvino.” Munowona?

125 Nokudaro murikuwona zvazviri, kuti Mwari ari kudana eksodho, kubva seri kwechifukidzo chenyama chinoedza

kutevedzera, chinoedza kujoinha chechi; kwete Methodisti, Baptisti, Presbyterian, vose pamwe chete, asi machechi ePentekosti. Inyaya yemunhu ari oga. Iwe naMwari. Iwe unofanira kupinda, kwete boka rako, kwete chechi yako, kwete mufudzi wako, asi iwe ndiwe unofanira kupinda.

¹²⁶ Ndiri kuda kuti mucherechedze humwe hunhu hwaMosesi, paakabuda. Kunyangwe, aive muporofita, ari munhu mukuru sezvaiva, paakabuda aine Shoko, vanhu vakawona kuti akange ahanduka. Pane chakange chaitika kwaari. Paakabuda aine Shoko renguva iyoyo rakasimbiswa, mirairo, akange ave munhu akashanduka.

¹²⁷ Ndizvo zvaunovawo, kana uchinge wabva seri kwechifukidzo chemunhu uyo anoseka musangano wakaita seuno; munhu uyo anogumburwa nekupodza kwaMwari, oti mazuva ezvishamiso akapfuura. Wabva zvino seri uko kwechifukidzo chemunhu, chifukidziro chetsika, zvino munhu wose anozoziva kuti pane chakaitika kwaari.

¹²⁸ Sezvakaita hama yedu inoremekedzwa, Jim Brown. Ndinofungidzira kuti maPresbhatarieni akawanda anoziva kuti pane zvakaitika kwavari, nokuti iye—iye akabva kuseri kwechifukidziro chetsika. Akawona chimwe chinhu muvanhu, chakamukwezva, akabva abuda achibva seri kwechifukidziro.

¹²⁹ Zvakanaka, iwe, paunobuda uchibva seri kwechidzitiro, unenge wave paunowonekwa nevanhu vose, pokuti ivo vanowona kuti pane chaitika kwaari. Shoko rakafukidzwa, kune asingatendi, asi riri parinowoneka rose kumutendi. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹³⁰ Kareko, aive Mwari. Mumazuva iwayo, aive Mwari ari muMunhu, Mwanakomana Wake, Jesu Kristu. Izvi tinozvitenda. Aisangova muporofita chete, aisangova munhuwo zvake, munhu wamazuva ose. Aive Mwari muna Kristu; Mwari ari muMunhu; huzaro weHumwari, uri mumutumbi muMunhu. Mwari ari muMunhu!

¹³¹ Zvino ave Mwari muvanhu, huzaro hwaMwari huri muHumwari, huri mumutumbi muChechi yaKe yose, Achizviratidza, achizadzikisa Shoko Rake.

¹³² Zvino tinuwona kuti, Mwari, muzvizvarwa zvose, agara Aine ganda. Iye, Mwari, agara akavanzwa seri kwechifukidziro.

¹³³ Zvinondirangaridza pamusoro pekamwe ka—kanyaya kakaitika zasi kuchamhembe. Zvino kwaivapo neimwe mhuri yemaKristu. Zvino mumhuri yemaKristu iyi vaitenda muna Mwari, vai—vaifunga kuti—kuti Mwari aivachengetedza kubva kumatambudziko ose. Zvino, ndizvo, zvaAnoita. Vaive nemwana mudiki, kakomana kadiki kane makore angada kuita manomwe kana masere. Zvino—zvino kaienda kuSunday School uye kaive kakomana kakanaka zvikuru. Asi kaitya kana kuine dutu, zvikurusa panopenya mheni.

134 Zvino ndakazvitaurira mumwe murume, pane rimwe zuva richangopfuura, pakange pabuda nyaya pamusoro pemurume akange apodzwa. Mushumiri mumwe chete iyeye akati, “Vanokuitai mwari, Hama Branham.”

135 Saka, aive mutsoropodzi, nokudaro ndakangofunga kuti ndimboipedza nyaya yacho, zvishoma. Ndisingarwadzise, munoziva, asi kungo. . .Ndakati, “Zviri kure here nemaGwaro, kuva izvozvo?” Munowona? Ndikati, “Kwete, hazvisi,” ndikati, “nokuti Jesu akati vaporofita ‘vanamwari.’ Munowona? Ndizvozvo, ‘Mwari.’”

136 Zvino vanoti, “Saka, vanhu imi munoedza kutora nzvimbo yaMwari.” Zviri pedyo nechokwadi. Ndizvo chaizvo vazviri. Ndizvo chaizvo. Mwari achiratidzwa munyama, sezvaAkavimbisa.

137 Kamhuri aka, tinokawona. Ndakamuudza kanyaya aka, iko kachangouya mupfungwa dzangu iye zvino. Kuti, humwe husiku kwakauya dutu, amai vakati kuMudiki, vakati, “zvino, chienda mumba yepamusoro, mwanangu, unorara.”

Akati, “Amayi, ndiri kutya,” achitaura.

“Hapana chinhu chinoda kukukuvadza. Kwira kumusoro uende kunorara.”

138 Kakomana kadiki kakanovatako, zvino mheni yaipenya nepamafafitera. Zvino kakomana kadiki kakatanga kuhuta—huta, kaifugidza musoro wako mumagumbeze, zvisinei kaingoramba kachingonzwa mhe—mheni, kana kuona mheni ichivaima nepamafafitera, zvino—zvino kobva kanzwa kutinhira kwebhanan’na. Zvadaro kakati, “Amayi!”

Amayi vakati, “Uri kudei, mwanangu?”

Kakati, “Kwirai kuno muzorara neni.”

139 Zvino vakakwira masitepisi, sezingaitwe namai vose vakanaka, vakatendeka. Vakakwirako, ndokutora kamukomana mumawoko avo. Vakati, “Mwanangu, amayi vari kuda kutaura newe zvishoma.”

Kakati, “Zvakanaka, amayi.”

140 Vakati, “Zvino unofanira kuchengetedza izvi mupfungwa dzako. Tinoenda kucheche, nguva dzose. Tinoverenga Bhaibheri. Tinonamata. Tiri mhuri yemaKristu. Tinotenda muna Mwari.” Ndokuti, “Tinotenda kuti, mumadutu nezvimwe zvese zvinenge zvichiitika, Mwari ndiye kuchengetedzwa kwedu.”

141 Kakomana kakati, “Amayi, ndinozvitenda zvose izvozvo. Asi,” ndokuti, “asi kana mheni yave pedyosa,” kakati, “ndi—ndinoda Mwari aneganda paAri.”

142 Nokudaro, ndi—ndinofunga kuti, haasi mudiki uyu oga, kana nesuwo tose tinonzwa kudaro. Kana taungana pamwe chete, patinonamatirana mumwe nemumwe, Mwari aneganda paAri.

143 Zvino tinowona pano kuti Mwari agara nguva dzose aine ganda paAri. Mosesi paakaMuwona, Aiva aine ganda paAri, aitaridzika seMunhu. Mwari paaive seri kwechidzitiro, Aiva aine ganda paAri. Zvino Mwari, manheru ano, muChechi yaKe, akafukidzwa muChechi yaKe aine ganda paAri. Achiri Mwari mumwe chete, manheru ano. Tinowona kudaro.

144 Asi iye zvino, sakare, chifukidzo cheganda ndicho chinobata tsika. Havakwanise kuzvitenda kuti ndiMwari ari kuita kuti vanhu vaite maitiro akadai. Munowona? Nechikonzero chekuti Mwari akafukidzwa muChechi yake, muganda, Ane ganda paAri. Ndizvozvo. Akavanzwa kubva kune uyo asingatendi, achizarurwa kumutendi. Hongu, changamire.

145 Zvino, apo chifukidziro chavo chetsika, chetsika dzevakuru neShoko, chinopamurwa, oh, zvirokwasvo, nhasi, zvino anouya pachena, toMuwona, Mwari zvakare akafukidzwa munyama yemunhu. VaHebheru 1 yakataura kudaro.

146 Uyewozve neGenesisi 18. Rangarirai, Mwari aive Munhu akange akamirapo, achidya, achitaura naAbrahamu, akataura zvaiitwa naSara mutende yaive seri Kwake.

147 Zvino Jesu akati, “Sezvazvaiva nemazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichave paKuuya kweMwanakomana womunhu.” Humwari hwakafukidzwasve munyama yemunhu! Zvino, rangarirai, Jesu haana kuti, “Apo Mwanakomana waMwari anenge achizarurwa.” Muna Ruka chaputa 17, ndinotenda kudaro, kuda vhesi ya 20, kana 21, neche ipapo, Akati, “Apo Mwanakomana wemunhu anenge achizarurwa.” Mwanakomana wemunhu, adzoka mu—mu—muchechi zvakare, achizarurwa muvanhu, kwete Mwanakomana waMwari, asi Mwanakomana wemunhu zvakare, adzoka muChechi yaKe zvakare, mumazuva okupedzisira. Tinowona kuti Akazvivimbisa muvimbiso dzaMwari.

148 Tinocherechedza chimwe chinhu, muTestamende yaKare. Ndine Gwaro pano, remuna Eksodho. Kuti, matehwe akare ematenhe, akaitei? Akavanza Kubwinya kwaMwari kubva kuvanhu. Matehwe ematenhe; kana ivo vanhu vakange vasingaKuwone, nokuti raiva dehwe raiKudzivisa. Ganda raive. . . Kubwinya kwaMwari kwaiva kuseri kweganda.

149 Iye zvino kubwinya kwaMwari kuri seri kweganda rako. Ndizvozvo. Zvino zvetsika hazviKuwone. Zviri mukati mechifukidziro, uko kwaiva neShoko Rake.

150 Chii chaive mukati mematehwe kareko, matehwe akare ematenhe?

151 Icho, “Pakange pasina runako zvekuti taiChishuvira. Apo paChakaitwa nyama chikagara pakati pedu, Chakange chisinazve runako kuti tiChishuvire.”

152 Zvino ndizvo zvimwe chetewo nhasi. Hapana chiri mumurume kana mumudzimai, chingashuvirwe. Ndeizvo zviri kuseri ikoko. Ndizvo zvazviri. “Asi,” unoti, “muchinda uyo, ndinoziva kuti aimbova chidhakwa. Aimboita zvakati.” Handina basa nezvaaimboita. Chii chakavanzwa seri kweganda iro? Zvakavanzwa seri imomo, ndizvo zvine basa. Ndizvo izvo, vanhu zvavakapofomadzwa kwazviri. Ganda rinopofomadza vanhu. Munowona? Vanoti, “Ndinorangarira apo mudzimai uyo aimbo dai.” Ndinoziva zvaaimboita, ko iye zvino? Munowona?

153 Matehwe, aimbova pamatenhe, asi iye zvino ave kuvanza Kubwinya kwaMwari, akaKuisa mukati seri kwawo. Raimbova riri pamhuka, asi zvino rave hugaro hweKubwinya kwaMwari.

154 Kana ganda rako rinogona kushandurwawo, manheru ano, rikaitwa nzvimbo yehugaro hwaMwari, Mwari achigara mumunhu.

155 Tarirai. Matehwe akare ematenhe, tinowona kuti, seri kwawo kwaiva . . . Mukati mawo maiva neShoko. Zvino, Shoko, imomo maivewozve nechingwa chakayereswa. Areka yaisaswa. Zvino chaiva chii? Kubwiya kweShekaina glory kwaiva imomo.

156 Zvino, Shoko iMbeu, haRikwanisi kubereka kunze kwekunge Rarohwa ne-nezuva reMwanaomana. Zuva reMwanakomana rinofanira kuva pamusoro peMbeu, kuti Ibereke, kuti Imere. Ndiyo nzira yoga. Iwe tora shoko, munowona, tora Shoko raMwari mumoyo mako, ugofamba uchipinda muKubwinya kweShekaina. Zvino kana wadaro, Zvinounza chingwa chakayereswa, Mana, inopuhwa kuvanhu vakatsaurwa. Uyo anokwanisa chete kuidya, ane mvumo yekuidya, ndeavo chete vanhu vane mvumo uye vanoIziva. Pauro akati pano, “Kushanduka kubva pane Kubwinya zvichienda pane kumwe Kubwinya.” Munowona, pakupedzisira, Zvinouya kudzamara Zvasvika paKubwiya Kwazvo kwepakutanga.

157 Sezvakaita sembeu yemorning glory. Mbeu yeruva, inowira muvhu. Mbeu yegorosi inowira muvhu. Chii chinoitika pakutanga? Inomera, kanenge kari kabukira kadiki. Zvino inozokura kusvika pamuchekechera. Zvino, kubva pamuchekechera, inodzokera kumbeu yepakutanga.

158 Saka, ndizvo chaizvo zvakaitwa neChechi. Yakabva kuna Ruther, Whisiri, zvino yadzokera kuMbeu yepakutanga, yadzokera paKubwinya Kwayo kwepakutanga, kudzokera paKubwinya kwaYaiva pakutanga. Zuva reMwanakomana rakabuda kuMabvazuva, ndiro zuva rimwe reMwanakomana riri kuratidza zvinhu zvimwe chete kuMadokero, richishanduka kubva paKubwinya richienda pane kumwe Kubwinya. Yakashanduka kubva pachihedheni, kuenda panaRuther; ikabva panaRuther, ichipinda panaWhisiri; kubva panaWhisiri, ikapinda muPentekosti; zvichingoramba zvichingoenda

zvakaDarro, ichishanduka kubva pane Kubwinya ichienda pane kumwe Kubwinya, ichiburitsa Mana yakavanzika.

¹⁵⁹ Zvino Yaibva, kuti Achiunzwa zvakare sezvaAiva chaizvo pakutanga, shumiro Yake imwe chete; Jesu mumwe chete, simba rimwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete. Mumwe Chete akaburuka nezuya rePentekosti, ndiye Mweya Mutsvene mumwe chete ari kuratidzwa nhasi, kubva paneKubwinya zvichienda pane kumwe Kubwinya, nepane kumwe Kubwinya. Zvino yadzokera kuMbeu Yayo yepakutanga, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; nezviratidzo zvimwe chete, mashura mamwe chete, rubhabhatidzo rumwe chete; vanhu vamwe chete, vachiita maitiro mamwewo, nesimba rimwe chete, nemanyawi mamwe chete. Zvichibva paKubwinya zvichienda pane kumwe Kubwinya. Zvinotevera zvichava, “Kushandurwa kubva paKubwinya kuno, nokuva mumutumbi wakafanana nemutumbi Wake wakaBwinyiswa, uko kwatichazoMuwona.” Abrahama akawona zvimwechetezvo.

¹⁶⁰ Zvino cherechedzai. Tinowona mashandurirwo azvakaitwa. Kubvira Karivhari, tinokokerwa kuzogoverana naye Kubwinya Kwake. Zvino, muna va I vaKorinte 12, “Takabhabhatidzwa muMutumbi Wake. Nemweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa.” Kwete “nemvura” imwe chete. “Mweya Mumwe chete, tose takabhabhatidzwa.” Ndizvozvo, zvino, tinobva tava chikamu Chake.

¹⁶¹ Ndinotarisisira kuti handisi kukuchengetai kwenguva yakareba. [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Munowona? Ndinotarisisira kuti handisi.

¹⁶² Asi, zvakaFanana nemutininhimira wemumhanzi urikuridzwa, kana uri kutambwa mumutambo.

¹⁶³ Handizivi zvakaWanda maererano nezvemutininhimira wemumhanzi kana mutambo. Asi ndakange ndakatarisa mutambo uyu...Ndanga ndichitaura pamusoro *peCarmen*, apo mwanasikana wangu nevamwe vaivemo. Zvino vai—zvino vairidza mumutininhimira uyu, muna *Carmen*. Vainge vachiimba mutambo. Mumhanzi wai—wai—waiitawo zvimwe chetezvo.

¹⁶⁴ Ndizvo zvazviriwo kana wakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene, muna Kristu.

¹⁶⁵ Zvino, onai, vazhinji venyu makamboverenga kana kuti makambonzwa nyaya yanyanduri mukuru wekuRussia akanyora *Petro Ne Mhumhi*. Kutu aka, vanoita mumutambo uyu nemifananidzo nezvese. Ani zvake anoziva nyaya yacho, paanenge achiiverenga kubva papepa, ogokwanisa kunzwa mutininhimira uyu, maitiro aunenge uchiita, mumutambo, uchiridzwa, nokuda kwei, vanoziva shanduko yose. Vanokwanisa kuitarisa *pano*, vobva vaona shanduko.

¹⁶⁶ Asi, zvino, chii chinaitika kana—kana nyanduri akanyora zvimwe zvinhu, tobva tawona kuti hazvina kuitwa zvakanaka

mumutambo? Tinozowona kuti pane zvimwe zvinozoitika. Pane zvinenge zvisipo, patinovawona. Uyo akachinyandura ndiye akachigadzira nokuchinyora, zvino kana mutinhimira wemumhanzi wave kuridza mutambo, ko ukazoridza zvisiri izvo. Pane chinenge chatsveyama. Mutungamiriri anenge aita maitiro asiri iwo. Munowona?

¹⁶⁷ Ndiro dambudziko ririko nhasi, hama dzangu dzeRutheran, hama dzangu dzeBhapatisti, hama dzangu dzePentekosti. Hama dzangu dzose kubva kumasangano akasiyana siyana, ndizvo zvazviri. Murikuwona? Muri kuedza kuridza zvakaridzwa mumazuva aRuther, Whisiri, zvakadaro, apo, chaizvo izvo, pepa reMumhanzi pano riri kutiudza kuti rave rimwe zuva. Munowona? Munowona? Munowona? Hatikwanisi kurarama muchiedza chaRuther; aiva muvandudzi. Tinoyemura chikamu chake—chake, asi takachiridza zvikapera. Tatove seri iko *Kuno* kuseri kweBhuku iye zvino. Munowona? Hatigoni—hatigoni kuUridza zvakadaro.

¹⁶⁸ Zvino, nzira yoga yamuchazokwanisa kuti muzviite, hama dzangu, ndeyi. Nemi hama dziri munyika, avo vari munzvimbo dzakasiyana dzenyika, ndingati, pane nzira imwe chete iyo—iyu mutungamiriri anogona kuita. Anofanirwa kupinda muMweya mumwe chete maive nanyanduri, zvino anenge aZvibata. Zvino kana Chechi, ndiyo mutinhimira Wacho, uko nyika yakatarisira kuwona zviratidzo neminana; kana Chechi, naNyanduri, nemutungamiriri, vose vanopinda muMweya waNyanduri.

¹⁶⁹ Zvino vakati, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” hazviridze mutinhimira chaiwo.

¹⁷⁰ Asi kana zvazonyatsopinda mumaitirwo Azvo chaiwo, neMweya Wacho chaiwo; ungasviite sei kunze chete kwekunge Mweya, waNyanduri waburuka? Amen. Zvino paunoti, “Mazuva ezvishamiso haana kupfuura.” Mutinhimira unodanidzira uchiti, “Amen.” Kana tikaridza, tichiti, “Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.” Mutinhimira unodanidzira uchiti, “Amen.” “Muchagamuchira simba mushure mokunge Mweya Mutsvene auya pamuri.” Mutinhimira unodanidzira uchiti, “Amen. Ndinawo.” Hapasisina zvokufembera fembera panyaya yacho. Mutinhimira wose urikufambirana neShoko. Zvicha. . . [Hama Branham vanoridza mawoko avo katatu—Mupepeti.] Ndizvozvo. Oh! Chinhu chakaisvonaka. mutungamiriri naNyanduri vanofanirwa kuva vari muMweya mumwe chete. Kana ivo vanoridza vanofanirwa kunge vari muMweya mumwe chete, kuti mutambo wose uItike. Zvino nyika iri kushamisika kuti chii chiri kuitika.

¹⁷¹ Chikommunisti chavanotaura pamusoro pachu, kusvika pakutondirwarisa nezvazvo, neizvi zvose zvekusanganiswa kwemarudzi nezvimwe zvose, nezve rusarura ganda. Oh, tinzwireiwo ngoni! Seizvo, zvose izvi zvisina maturo, apo kuuya

kwaShe kwave pedyo, pane chisiri kuridza nemazvo. Ndiri kutyira kuti mutungamiriri atora . . . Vatungamiri vabuda kubva muMweya waNyanduri.

¹⁷² Kana tawana Mweya waNyanduri, simba riya repakutanga raMwari iro rakanzi neBhaibheri, “Varume vakare vaisundwa neMweya Mutsvene kuti vanyore Bhaibheri rino,” munozowona zvidimbu zviviri zvepepa remuChaina zvichiuya pamwe chete, sezvakaite Bhaiberi raMwari nemutendi zvinouya pamwe chete, nokuti vari muMweya mumwe chete. Vose chinhu chimwe. Vanonyatsopfekerana pamwe chete. Zvatinoda nhasi vatungamiri, ndizvozvo, kudzoka kuShoko, kudzokera nekuRitenda sekutaurwa kwaRakaitwa. Zvino munozowona iye Mwari, Omene. Ndiko kuiswa pachena. Mutambo unobva wava wechokwadi.

¹⁷³ Nhasi, vanoti, “Saka, NdiMwari wenhorowondo. Tinoziva kuti Akayambuka Gungwa Dzvuku. Akaita zvose *izvi*. Akange ari mu—mubiravira remoto, nevana vechiHebheru.” Anobatsirei Mwari wenhorowondo, nhandi, kana Asiri zvimwe chetezvo nhasi? Munhu nguva dzose anorumbidza Mwari pane zvaAkaita, vachifunga pamusoro pezvaAchazoita, asi vachifuratira zvaAri kuita. Zvinongori mumunhu kuita zvakadaro. Ndizvo zvimwe chetewo nanhasi, hama dzangu. Ndicho chinhu chimwe chete. Oh, zvangu ini!

¹⁷⁴ Ngatidzokerei tiite kuti mutinhimira urire zvakana, kusvikira pokuti vemunyika vanogona kuzviwonawo. Jesu akati, “Kana ndikasmudzwa kubva panyika ino, ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri.” Zvino, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹⁷⁵ Regai vatungamiri vapinde muMweya wechokwadi, pamwe nevanoridza naNyanduri, zvose zvinoita zvakana. Zvino isu, hatichaiti zvokufungidzira, tinozvibatanidza Naye. VaHebhero 13:8 inoti, “Iye ndiye mumwe zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹⁷⁶ Tinozvibatanidza Naye muna Mabasa 2. Tinozvibatanidza navo, nerubhabhatidzo rumwe, chinhu chimwe chete. Zvose zvaAkambova nezvose zvaAri, zvose zvaAive nezvose zvaAri, ndizvo zvatiri. Ndizvo chaizvo.

¹⁷⁷ Sokuti kana ndichida kuva munhu wemuAmerica chaiye, ndinofanira kuzvibatanidza nezvose zvayaiva, nezvose zvairi. Ndinofanira kuzvibatanidza nayo, kana ndiri munhu wemuAmerica wechokwadi.

¹⁷⁸ Kana ndiri munhu wemuAmerica wechokwadi, ndakasvikira paPlymouth Rock. Amen. Ndakazviita, kana ndiri munhu wemuAmerica. Kana newewo; wakasvikira paPlymouth Rock nemadzibaba aitsvaga rusununguko rwokunamata. PaPlymouth Rock, pavakasvika ipapo, ndakange ndiinavo; kana newewo, nemunhu wose.

179 Ndakamhanya nebhiza pamwe naPaul Rivere, tichidzika nemugwagwa, tichiyambira pamusoro penjodzi yose. Ndizvo chaizvo.

180 Zasi kuno paValley Forge, ndakayambuka Delaware yaive yagwamba nechando, neboka remasoja avo, chikamu chepakati chavo, vakange vasina kupfeka shangu. Ndakanamata usiku hwose naGeorge Washington, zvisati zvaitika. Ndakayambuka Delaware ndiine chiratidzo mumwoyo mangu. Tiri zvizvarwa zvemuAmerica. Hongu, changamire. PaValley Forge, ndakatonyatsozviita.

181 Ndakapa kutenda pamwe nemadzibaba epakutanga akapa Kutenda. Ndakapa kutenda kuna Mwari. Kana ndiri munhu wemuAmerica chaiye, ndakazvibanidza pavaiva patafura.

182 Kana ndiri munhu wemuAmerica chaiye, ndakazvibanidza pandakamira naStonewall Jackson.

183 Kana ndiri munhu wemuAmerica chaiye, ndakazvibanidza neBoston Tea Party, hongu, changamire, patakaramba kuvharwa meso edu. Saka, ndiri munhu wemuAmerica chaiye. Ndakazvibanidza naizvozvo. Hongu, changamire. Oh, ini zvangu!

184 Ndakaridza Dare reRusununguko, musi wa 4 July, muna 1776. Ndakaridza Dare reRusununguko muno ndikareva ndichisimbisa kuti tave nerusununguko. Kutu ndive munhu wemuAmerica chaiye, ndaifanira kuzviita.

185 Ndakazvibanidza nekunyadzi swa kwayo muchiMurenga, apo hama dzaizvirwisa. Ndinofanira kutakura kunyadzi swa kwayo, zvimwe sekuzvibanidza kwandinoita nekubwiya kwayo. Kana ndiri munhu wemuAmerica, ndizvo zvandinofanira kuva. Ndakazvibanidza naye. Hongu, changamire.

186 Ndakazvibanidza uko paGettysburg, apo Lincoln akataura kuvanhu. Hongu, changamire.

187 Ndaive paWake Island, paiva nemitumbi yemasoja yaive yakazara ropa. Ndakasimuka paWake Island.

PaGuam, ndakabatsira kusimudza mureza uya.

188 Ndiri chaiye munhu wechidhaka chemuAmerica. Ameni. Zvose zvaIri, ndizvo zvandiriwo, uye ndinodada nazvo. Hongu, zvemazvirokwazvo. Zvose izvo America yakambova, zvose izvo zvaIri, ndizvo zvandichiriwo, kuti ndive munhu wemuAmerica. Zvose zvaYakambova, ndizvo zvandinofanirawo kuva, nokuti ndinozvibanidza nayo.

189 Ndizvo zvimwe chete, kana uri muKristu wechokwadi, unofanira kuzvibanidza nazvo.

190 Ndakaparidza naMosesi, ndika yam. . .kana kuti naNowa, ndikayambira vanhu pamusoro pekutongwa kwakange kuchiuya; kuti ndive muKristu wechokwadi.

¹⁹¹ Ndaive naMosesi pagwenzi raipfuta. Ndakawona Shongwe yeMoto. Ndakawona Kubwinya Kwake. Ndaive naMosesi uko murenje, kuti ndive muKristu. Ndinofanira kuzvibanidza nezvose zvaiva Mwari, kuti ndive muKristu. Ndakawona kubwinya Kwake. Ndakanzwa Inzwi Rake. Zvino chirega kunditsanangurira zvisiri izvo, nokuti ndakange ndiripo. Nokuti ndinoziva zvandiri kutaura. Ndakawona zvakaitika. Hongu, changamire.

¹⁹² Ndakange ndiri paGungwa Dzvuku, pandakawona Mweya waMwari uchidzika uchipatsanura mvura dzichienda kune rumwe rutivi; kwete kupfuura nemubundo retsanga, sezvavari kuedza kutaura nhasi, asi kupfuura nemugungwa rakadzika mafiti makumi mapfumbamwe. Ndakawona Mweya waMwari. Ndakafamba naMosesi nepaivhu rakawoma, tichiyambuka Gungwa Dzvuku.

¹⁹³ Ndakamira paGomo reSinai ndikawona mabhanan'ana nemheni zvichidzika. Ndakadya Mana pamwe navo ikoko. Ndakanwa kubva paDombo. Ndichiri kuzviita manheru ano. Ndakazvibanidza nevadyi veMana. Ndakazvibanidza neavo vakanwa kubva paDombo.

¹⁹⁴ Ndakazvibanidza neapo Joshuwa akaridza hwamanda, masvingo eJeriko akawira pasi.

Ndaive mugomba reshumba pamwe naDaniel.

Ndaive mubiravira remoto nevana vechiHebheru.

Ndaive paGomo . . . pamwe naEriya paGomo reKameri.

¹⁹⁵ Ndaive naJohane Mubhabhatidzi, nepamberi pevatoropodzi. Ndakawona Mweya waMwari uchidzika. Ndakanzwa Inzwi raMwari richiti, "Uyu ndiye Mwanakomana Wangu wandinoda waNdinofarira kugara maAri." Hongu, changamire. Ichokwadi ndakazvibanidza naye. Ndzivo chaizvo.

¹⁹⁶ Ndakazvibanidza paguva raRazaro, paAkamutsa Razaro. Ndakazvibanidza, mudzimai patsime, paAkamuudza zvivi zvake. Hongu, changamire.

¹⁹⁷ Zvirokwazvo ndakazvibanidza Naye murufu Rwake. Uye ndikazvibanidza paEsta yekutanga. Ndakamuka pamwe Naye kubva mukufa. Ndakazvibanidza Naye murufu Rwake.

¹⁹⁸ Ndakange ndiri pamwe nevane zana nemakumi maviri, muimba yepamusoro. Ndakazvibanidza ikoko pamwe navo. Hey! Nda—ndave kunzwa manyukunyuku ekunamata. Oh, zvangu ini! Ndakazvibanidza ipapo. Ndiri mumwe wavo. Ndakazvibanidza. Ndakawana chitiko chimwecho chavakawana. Ndakange ndiripo pazvakaitika, kuti ndive muKristu wechokwadi. Ndakazviwonerera Mhepo huru ichiuya. Ndakazviwonerera. Ndakanzwa simba raMwari paRaizunguza. Ndaive pamwe neavo vakataura nendimi. Ndakanzwa chizoro

chichiuya imomo. Ndaive navo. Ndakazvibanidza navo apo Mweya Mutsvene wakatanga kutaura nendimi, nemavari.

¹⁹⁹ Ndaive naPetro, pamberi pevatsoropodzi muna Mabasa 2, paakaparidza mharidzo huru iyo yaakaparidza. Ndakazvibanidza naye. Hongu, changamire.

²⁰⁰ Muna Mabasa 4, pavakaungana pamwe chete, ndaive pamwe navo apo imba yakazungunuka. Mushure memunamato, imba iyo yavaive vagere yakazungunuka. Ndakazvibanidza pamwe navo.

Ndakaparidza pamwe naPauro paChikomo cheMars. Hongu, changamire.

²⁰¹ Ndaiva naJohane paChitsuwa chePatmos, ndikawona Kuuya Kwake kwechipiri.

Ndaiva naRuther munguva dzekuvandudzwa.

²⁰² Ndaiva naWhisiri, chiururo chemoto chaicho; chahwengurwa kubva mumoto, ipo paiva nekumukira kukuru chechi yeAnglikeni. Ndaive pamwe naye.

²⁰³ Zvino ndiri pano manheru ano, 1964, muPhiladelphia, muPennsylvania, ndichizvibanidza neboka rakaita sairoro, rine chiitiko chimwecho. Ndinofanira kuva saizvozvo, kuti ndive muKristu. Ndinofanira kugara ndakazvibanidza neapo Shoko raMwari rinenge richiratidzwa. Ndinozvibanidza neboka rinonzwa Mweya waMwari.

²⁰⁴ Ndinozvibanidza neboka rinoziva kuti Akaiswa pachena, rinoziva kuti Iye ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, vanoziwa kuti Izvi hazvisi zvemanyawi. “NdiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndinozvibanidza neboka iroro pano, manheru ano. Kunyangwe, vachinzi boka remipengo, kana boka revanhu vane manyawi, nokuda kweShoko raMwari. Asi, “Handinyare neVhangeri raJesu Kristu, nokuti Isimba raMwari reruponiso,” zvino ndiriwo mumwe. Ndiri pamwe netsamba dzakanyorwa dzinorarama dzandakataura pamusoro padzo, dzakasimbiswa, Mwari akafukidzwa muchimiro chemunhu, ari muvarume nemadzimai. Oh!

²⁰⁵ Mwari ari muhu *en morphe* [kushandura chifukidzo—Muterikiri.] Hwake zvakare, akaZvizarura nokuZvizivisa kuvanhu Vake. Uyo Mambo mukuru Akasendeka Kubwinya Kwake parutivi. “Kwekanguvana nyika haichazoNdiwonizve. Ndichange ndakafukidzwa kwavari. Asi imi muchaNdiwona, nokuti Ndichange ndiinemi, uye nemamuri, kusvikira kumagumo, kushanduka kubva panaRuther kuenda pana Whisiri, zvichingoramba zvichienderera, zvichibva pane Kubwinya zvichienda pane kumwe Kubwinya. Ndichiri Mwari mumwe chete airarama, nokudzokera paKubwinya kwepakutanga.” Hareruya!

206 Akapamura chose chifukidziro chemasangano, ruzhowa rwese rweruzha. Ruzha rwunoti, “Oh, ndezve manyawi,” Akapamura nepo. Ruzha rwakabudamo, ruchiti, “Oh, vanhu ava vanopenga,” Akapamura nemuchifukidziro ichocho. Hongu, Akazviita. “Oh, hamukwanise kuzviita. Hapana zvamuri kunze kwekuva boka remipengo.” Akapamura neipapo. “Hakuna chinhu chinonzi kupodza kwaMwari.” Akapamura neimomo, oh, zvangu ini, nokuti Shoko Rake rakati Aizozviita. Haukwanise kukunda Shoko raMwari.

207 Hoyo Uyo amire apo, kunyangwe, manheru ano, Mukundi mukuru, nokuti akapamura chifukidziro chose cheMethodisti, cheBhapatisti, chePresbhetarieni, nezvimwe zveamarudzi ose. Achakamira pakati pevanhu Vake, manheru ano, asina kumbokundwa netsika. Regai vanhu vataure zvavanoda, vagoita zvavanoda, nechose chavangada kuita. Mwari anouya, achipwanya neparuzhowa rweruzha.

208 Zvino rangarirai, vakandiudza kuti, kana ndege ichinge yapamura ruzhowa rweruzha, inenge yomhanya zvisisina muganhu.

209 Ndinokutaurirai, kana muchinge mapamura ruzhowa rwetsika, rwekuti, “Jesu ndewakare, zvino haApo nhasi,” kana wazowona kuti Iye ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, panenge pasisina chidziviso pane zvinogona kuitwa naMwari muno mumusangano uno, nokuratidza nyika ino izvo zvavanofanira kuve nazvo: kwete kuchechedzera kwepasi rose, asi rumutsiro rwepasi pose rwunenge rwakadzwa pamwe nokubhabhatidzwa neHupo hwaMwari mupenyu, *en morphe* achizviputira munyama yemunhu. Hareruya! Ndinozvitenda.

210 Akapamura zvidziviso zvose, zvifukidziro zvose, zvifukidziro zvose! Hapana chaikwanisa kuvanza Hupo Hwake. Kana vanhu vave nenzara mumoyo mavo, panenge pave nechifukidzo chagadzirira kupamurwa. Unokwanisa kungovimba nazvo. Akapamura zvifukidzo zvose, neMweya Mutsvene Wake mukuru.

211 Zvino Amire pano, manheru ano, Mukundi mukuru, mumwe chete zuro, nhasi nokusingaperi; achipodza vanorwara, achibhabhatidza vatendi, sezvaAgara achiita. Ndiye Mukundi mukuru. Madhimoni akatongerwa kuparadzwa oita bararamhanya. Hongu, changamire. Ndizvo zvaagara achiita, kana Iye aripo.

212 Mukuvhara, regai nditi. Kwaiva ne...Ndakaverenga imwe nyaya, makore akawanda apfuura, pamusoro pemutana airidza rudimbwa rwevhayorini. Aiva nevhayorini tsaru yaakange ari kutengeserwa. Makamboinzwa nyaya yacho, kakawanda. Zvino vaida kuitengesema nemumwe mutengo. Mutengesi wepaokisheni akati, “Ndiyani achandipa *zvakati ne zvakati?*” Ndinotenda

vaida kumupa tumari tushoma, zvimwe kuda masenzi makumi mashanu, kanawo zvimwe. “Yave kuenda potsi, yave kuenda piri, . . .”

²¹³ Pakanangana nepo, mumwe murume akasumuka kumashure. Akati, “Chimbomirai zvishoma.” Akafamba achienda mberi ndokusvikoitora. Ngatifungei kuti akaridza izvi:

Riripo Tsime rizere neRopa,
Rakatorwa kubva mutsinga dzaImanuwere;
Kana vatadzi vakawira pasi pemafashama,
Vanobviswa makwapa ose ezvivi zvavo.

²¹⁴ Zvino paakazoiisa pasi, hapa kusara ziso rimwe rakange richakawoma panzvimbo iyi. Akabva ati, “Ndiyani achada?”

²¹⁵ Mumwe akati, “Zviuru zvishanu. Zviuru gumi.” Yakange isisatengeki. Nokuda kwei? Mu—mutana muridzi wevhayorini akange aratidza chaizvo izvo zvaive mairi.

²¹⁶ Oh, hama, hanzvadzi, zvino regai Muridzi weShoko rino, Iye Akarinyora, Mweya Mutsvene mukuru, azore chiridziso Chake nerudo, agochifambisa nepamwoyo wako.

Riripo Tsime rizere neRopa,
Rakatorwa kubva mutsinga dzaImanuwere;

²¹⁷ Uchawona kukosha kuzere, nekuwona Mwari akaiswa pachena achiuya paanowoneka. Kutu, Achiri mumwe sezvaAiva paAkawira pamusoro pevanhu, neZuva rePentekosti, paAkazvi *kenosa* Iye omene, “kuzvikuturira” imo maIri. Ndizvozvo.

²¹⁸ Unoti, “Hama Branham, ndakamboedza. Ndakamboedza. Ndakamboita *izvi, izvo, ne zvimwewo.*”

²¹⁹ Rimwe zuva ndaive nemusangano paCarlsbad, New Mexico. Takadzika mubako rakare raive musha wemuremwaremwa zasi ikoko. Zvaitaridzika kunge maiva nezvipoko, ndokubva tadzikamo. Zvino mu—murume, akati adzika pane nzvimbo iyi, a—akadzima magetsi. Zvino, oh, zvangu ini, unogona kufungidzira kuti maiva nerima rakadini. Maive. . . Munoitira rima gobvu rinogona kubatika.

²²⁰ Ndizvo zvave kuda kuitawo nguva dzino, apo patinowona chechi inotadza kucherechedza Shoko raMwari; pamunowona vanasikana vedu veZioni nzira yavave kuita zvavari kuita; apo pamunowona hama dzedu dzinoputa pamwe nekunwa, ne—nekutaura zvokusekesa zvinonyadzisira nezvimwewo zvakadaro, asi vachiramba vakabatirira pakupupura kwavo muna Kristu. Oh, ini zvangu, kwava nerima. Kwava nerima gurusa.

²²¹ Tinowona chiratidzo cheKuuya Kwake. Kuchava ne. . . Nguva dzose kunoita rima gurusa apo zuva rinenge rave pedyo kubuda. Zvino ipapo Nyeredzi yeMambakwedza inobuda

kuzochingura zuva, nekurishambadzira, ichiratidza kuti riri kuuya. Cherechedzai.

²²² Imomo, pavakadzima, paiva nekamwe kasikana kadiki kakarira nenzwi repamusorosoro. Paiva nekakomana kadiki kakange kakamira pedyo nemutungamiriri, zvino kakange kawona zvakange zvaitwa nemutungamiriri paakadzima magetsi. Kahanzvadzi kake kakange kave kuda kubatwa nebuka. Kasikana kakange kachirira, kachichirika chirika mudenga. “Oh! Chii chive kuda kuzoitika zvino? Chii chaitika? Chii chaitika?”

²²³ Munoziva kuti kakomana kakadanidzira kuti kudini? Kakati, “Usatye, hanzvadzi duku. Pane murume pano anogona kubatidza magetsi.”

²²⁴ Teerera, hanzvadzi duku, unogona kufunga kuti tiri boka duku uye tiri vashoma. Asi, usambotya. Pane Murume pano Anogona kubatidza Magetsi. Ndiye Mweya Mutsvene. Unozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²²⁵ Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana. Ndine urombo nekukuchengetai.

²²⁶ O Mwari mukuru weKudenga, Muri kuzvizviisa pachena, Muchizvibhedhenura, Muchizvizivisa, Mambo mukuru weKubwinya, torai mienzaniso midiki iyi, manheru ano, muiirege ichiwira pamwoyo yevanhu. Zvino dai tikawona Uyo akaiswa pachena, Uyo Akauya akapamura chidzitiro chemutemberi; zvino ndokubva anyatsobuda zeri kwechidzitiro ichi, ndokuuya zvakare muzvifukidziro zvevanhu, neZuva rePentekosti; agara ari zvimwe chetezvo, achishanduka kubva paKubwinya achienda pane kumwe Kubwinya.

²²⁷ Zvino tadzokazve sezvisikwa zvose, tichiita mutambo, kudzokerazve kuMbeu yepakutanga, kubva pane zera rechechi rimwe tichienda pane rimwe. Zvino muchizvarwa chino chokupedzisira, ndipo patave, kudzokera kune Chinhu chepakutanga chakawa neZuva rePentekosti, kuzadzikisa maGwaro ose, “Chiedza munguva yamadekwana,” uye, “Mabasa Andinoita muchaaitawo,” nezvinhu zvakawanda zvaMakavimbisa muShoko Renyu.

²²⁸ Baba, kana paine mumwe pano asati apamura achipinda nemuchifukidziro ichi, kana kuti pane mumwe angadai akatevedzera mumwe munhu akapfuura nepachifukidziro, itai nyasha manheru ano, Baba. Dai vakawona Mukundi mukuru amire pano, azere nyasha nesimba, rokuregerera. Zviitei, Baba.

²²⁹ Apo misoro yedu yakakotamiswa, pangadai paine vamwe here muno? Vangani, ndingati, vanoti, “Hama Branham, ndiri kusumudza ruwoko rwangu. Ndinamatireiwo”? Misoro yenyu ngairambe yakakotamiswa, wosimudza ruwoko rwako, “Ndiri kuda kupamura ndopfuura nemuchifukidziro chose, kusvikira

ndave kunyatsowona Mukundi.” Mwari akuropafadzei. Zvangu ini, mawoko acho! Kumusoro pamabharikoni, neche kurudyi? Mwari akuropafadzei. Mabharikoni ari kumashure? Simudzai. . . Mwari akuropafadzei. Ivai makatendeka zvechokwadi. Vari kuruboshwe? Simudza ruwoko rwako, uchiti, “Hama Branham, ndanga ndiri muKristu kwemakore, asi, chokwadi, handisati ndambopfuura nemuchifukidzo icho. Handisati ndambozviita. Handina Icho chavakange vainacho kare.” Nhasi, tine. . . “Ndiri chirimwa chemugaba.”

²³⁰ Tora ruva rakakudzwa riri mugaba, unotofanira kuribata sekamwana, uchiribhabhadzira, uchiri pfapfaidzira mushonga, uchiridridza. Asi ruva repakutanga rinokura umo mugwenga, iruva remhando imwe, zvinotaridzika zvakafanana nairo; harina mvura yarinombowana, asi hapana tumbuyu tunoenda pariri. Rakakasharara. Ndiri rechokwadi.

²³¹ Ungaenzanise here chiKristu nechiKristu chanhasi, nezvachaimbova kare? Ungafungidzire here boka iri, ratinoti maKristu nhasi, pasi rose, vachifanana neavo vakabva paPentekosti; vanobatwa sevacheche vachibhabhadzirwa, vachibva kune iyi chechi vachienda kune imwe, zvino, ukangotaurirwa zvausingadi, unosimuka wobva wafamba uchibuda? Zvino, oh ungazvifungidzire izvozvo? Kwete. Chii chakanganisika? Chinhu chakazogadzirwa.

²³² Michelangelo, akagadzira chimupunzo chaMosesi, unokwanisa kuwana chakagadzirwa kubva pane ichocho, chakachipa zvikuru. Asi, chepakutanga?

²³³ Uyo akapenda Chirairo chaShe, ndinofunga kuti mufanikiso wepakutanga wakaita zvokupendwa unototengwa nemamiriyoni emadhora, ndokunge kana uri watozokwanisa kuutenga. Handitombozivi kuti iri kupi. Asi onogona kutenga yakachipa yakagadzirwa kubva pane iyoyi nedhora rine masenzi mukumi mapfumbamwe ane masere. Unokwanisa.

²³⁴ Ndizvo zvazviriwo nhasi. Mukristu akachipa, akaita zvekugadzirwa, akangojoinha chechi, unogona kuvatenga nemudzanga wefodya, kana—kana zvinwiwa zvamazuva ose. Kana, uyo mudzimai akadimbura vhudzi kana uyo ane miromo yakapendwa, unokwanisa kumutenga nechipi zvacho chiri mufashoni yenyika ino. Asi haukwanisi kubata icho chechokwadi.

²³⁵ Ndiri kuMwona wose ari pachena, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.

²³⁶ Oh, muKristu, haudi here kuva muKristu wechokwadi? Kana paine vamwe vasina kusimudza mawoko avo, mungazviitewo here? Zvakanaka, ndave kuda kunamata zvino. Mwari akuropafadzei. Mwari akuropafadzei. Oh, izvi zvakanaka. Ingotarirai muwone.

²³⁷ Baba vedu vari kuDenga, “Shoko renyu haridzokeri kwaMuri risina chariinacho.” Imi Ndimi makapa vimbiso. Ini ndine basa roga rekutaura kuti Ndimi Makazviture. Ini ndiri kungodzokorora maShoko Enyu. Makati, “Uyo anonzwa Inzwi Rangu agotenda mune Uyo akaNdituma ane Hupenyu Husingaperi.” Makazvivimbisa.

²³⁸ Zvino, Ishe, tinoziva kuti nhasi tine zvakagadzirwa, vazhinji vanoti vanotenda, asi, vasingatendi. Zvinowoneka. Asi, Ishe, varipo vamwe vari vechokwadiwo, zvakare.

²³⁹ Ndinonamata kuti Muzvitendere, imo muno, manheru ano, kuti wese murume nemudzimai, mukomana kana musikana, zvisinei kuti anobva kunyika ipi, ndewe ruvara rwupi, kana chechi yaanopinda, O Mwari, vazadzei. Dai vawona kuratidzwa kwechokwadi kwaJesu mumwe chete nhasi, ipo pakati pedu, sezvaAiva neZuva rePentekosti, paAkazvizarura Omene kuchizvarwa chino, ari Mweya Mutsvene. Zviitei, kuwona Mashoko achizadzikiswa, zviporofita zvichizadzikiswa!

²⁴⁰ Tinoenzanisa, nhasi, zvinonzi chechi yemunyika, Kanzuru Ya Machechi Epasi Rose, togozvienzanisa nevimbiso yePentekosti? Hazvina kufanana, zvachose. Hatikwanise kuti nhumbi dzedu dzakasviba dzigogezeza netikiti rakadaro.

²⁴¹ Asi, Ishe Mwari, kana tikadzokazve kuChitubu, pane basa rekuchenewa, zvino chiitiko chedu neShoko raMwari zvinobva zvafanana. Zvadaro, tinogona kutora izvo zviri zvedu. Zviitei, Ishe, manheru ano, apo ndiri kuisa vanhu ava mumawoko Enyu. Baba, ipai kune mumwe nemumwe izvo zvatinofanira kuva tiinazvo. Takumbira nemuZita raJesu. Ameni.

²⁴² Mwari akuropafadzei. Maita henyu, zvikuru, nokumira, makamirira kwenguva yakareba. Ndine hurombo kuti ndakuchengetai kusvika awa yegumi nemaminiti gumi. Mwari ave nemi kusvikira pandichazokuwonai mangwanani. Ndinodzorera shumiro kuna, ndinofunga, kune mutungamiriri wemutambo.



MWARI MUKURU ACHIBHEDHENURWA PAMBERI PEDU SHO64-0629
(The Mighty God Unveiled Before Us)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Muvhuro manheru, Chikumi 29, 1964, pamusangano weFull Gospel Business Men's Fellowship International, paBellevue-Stratford Hotel muPhiladelphia, Pennsylvania, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org